


MIBVUNZO NEMHINDURO

VACHEBHERU CHIKAMU I

 Ko aigona kuzviita sei pasina Mwari? Izvozvo zvaizova zvemazvirokwazvo chaizvo, hazvaizodaro here? Hazvaigona kuitwa pasina Ishe.

Handisi kuzoparidza kubva maari ese. Asi ndafunga kuti ndongobata chimwe chinhu chinoita sechinorema, munoziva, saka zviru nani ndinge ndakagadzirira. Asi, oo, zvange zvakareruka zvikuru, kwazvo. Saka pamwe hapana mibvunzo yakanyanya kuwanda pakati pevanhu zvino, inongori mibvunzo iri nyore kwazvo uye yakareruka. Saka, ndinofara kuedza kuipindura nepose pandinogona napo, nerubatsiro rwaShe.

² Uye kana Hanzvadzi Arganbright varimo manheru ano. . . Hanzvadzi Ruth. Muri pano here, Hanzvadzi Ruth? Neche kuno uku. Ndine. . . Oo, hongu, ndine kero yacho pano, uye. . . Kwete, handina. Saka, ndinogona kuiwana iko kuno chaiko. Ndanga ndinayo mukabhuku kangu kemuhomwe, zvino ndasiya kabhuku kangu kemuhomwe kumba. Zvino, kana mapurisa akandibata ndichienda kumba, Hama Fleeman, huyai kuzondinunura. Udzai Billy kuti ndiri. . . ndasiya kabhuku kangu kemuhomwe kumba, ndiri kutyaira ndisina rezinesi manheru ano. Uye ndafunga kuti ndanga ndinaro muhomwe; ndangochinja hembe. Ndanga ndamhanyira mukati, masikati ano, ndanga ndichicheka humwe huswa nekukasika chaiko zvino ndatozorega ndokukasika ndichipinda, ndikachinja hembe ndokumhanyira zasi kuno. Zvino nda—ndaunza duramazwi, asi munogona kuiwana mushure chaimo kubva imomo.

³ Musanzwe henyu zvakashata nekuda kwetsamba *iya*. Dai ndisina kumbowana imwe yakaipa kupfuura iyoyo, iyoyo yaiva tsamba yakanaka. Yanga yakanaka. Yange yakanaka zvakanyanya, kwazvo. Ndakakuudzai kuti ndaisazoiverenga, asi ndazongowana ndaitora, munoziva, uye handina kukwanisa kuramba ndakaichengeta. Ndangotadza kuziva zvamataura. Uye yakanga yakanakisa, kwazvo, yakanyorwa semanyorerwo anofanira kuitwa nemudzidzisi chaiye wepachikoro. Zvanga zvakanaka, uye ndinozvikoshesa. Uye zvi—zvinokupa. . .

⁴ Munoono, ndinoda matsamba emumwe munhu anoti— anoti siyanei zvishoma newe. Munoono, kana uchifamba nguva dzose, pasina anopikisana newe, unobva wasaruka. Unofanirwa kuwana zvakati siyanei zvishoma kuti ugone kunzwisisa uye ugochera uchidzika. Zvino—zvino unozopinda

mune mamwe maitiro mamwe chete kana ukasangwarira; ipapo iwe—ipapo iwe unobva wapinda mudambudziko kana ukadaro. Unofanira kungoita sekuramba uchifambira mberi wowana mumwe munhu anopesana newe anombobvanyangura minhenga yako pano neapo.

⁵ KuAfrica ndakawana tushumba tuduku tuviri, uye twaive tumachinda tuduku-duku, twakada *kudai*. Kashumba kane makwapa, kaduku, kwazvo; shumba duku, shumba hadzi duku. Uye zvino, twaitaridzika kunge tuvana twekiti, twakanga twuri twuduku kwazvo sekudai, twuduku. . . twunhu twudiki twakanakisa, twaingotamba. Zvino ndakanga ndiri kuzotwuunza kuno kuAmerica, ndaive natwo twuri mukeji yeshiri. Ndakanga ndiri kuzodzoka natwo, asi handina kuwana chero—chero chinhu chekutubaisa, chero mushonga. Zvino vaisanditendera kuti ndiuye nadzo kuUnited States dzisina kutanga dzabaiwa, uye handina kukwanisa kuuwana muAfrica yose. Asi kana waida kuziva kuti yaive shumba here kana kuti kwete, ingoipuruzira zvisizvo zvishoma. Yaibva yagadzirira kurwisa uye yokuzivisa kuti yaiva shumba, saka—saka zvaibva zvaiva sekuti uzive payakanga yakamira.

⁶ Ndiwo maitiro aunofanira kuita pano neapo, munoziva, kuita sekubvanyangura minhenga kumashure, kuti uzive. Asi, zvino, hatishatirwe seshumba; tinongo—tinongozvida, ku. . . vanhu kuti vabvunze mibvunzo. Zvino mibvunzo yakadaro, Hanzvadzi Ruth, yakanakisa, kwazvo kwandiri. Iri. . . ndi—ndinozvida izvozvo, munoona. Ndeiyi mhando yakashata chaiyo yandinovenga kuwana. Asi iyo. . . yanga yakanaka.

⁷ Zvino tine mimwe yakanaka, inokudenha, inongova mibvunzo yekumba. Pane muparidzi kumashure uko mukamuri yekumashure uko zvino, andibvunza, akati, “Vaprofita vaviri vemuna Zvakazarurwa 11, vanouya here Kubvutwa kusati kwasvika? Kana kuti kwasara nguva pfupi Israeri isati yatorwa? Uye chii. . .” Zvino, ndiyo mhando yemibvunzo ino—ino—inokusungirira. Asi mibvunzo iyi iri nyore seiyi yakanaka.

Asi zvino, tisati tatanga, ngatikotamisei misoro yedu tinamate.

⁸ Baba, zvinocherechedzwa kuti paMakanga muine makore gumi nemaviri, Makawanikwa muri muTemberi nevanyori nevadzidzisi vomurairo, muchikurukura navo Magwaro. Uye vaka—vakashamiswa ne. . . varume vekare, uye vakanyatsodzidziswa muMagwaro, uye zvakadaro vachiona Mukomana mudiki ane makore angangoita gumi nemaviri okuberekwa achikwanisa kungo—kungoshamisa, mukutsanangura Magwaro. Makanga muri pabasa raBaba veNyu. Makati kuna amai veNyu, “Hamuzivi here kuti Ndinofanira kuva pabasa raBaba vaNgu?” kutsanangura Magwaro nezvaanoreva pamweya.

⁹ Uye zvino tinonamata, Ishe, kuti—kuti Muchiziva kuti tine hutera uye nekushaiwa simba zvakadini, uye kuti tiri zvakadini pasi pekunge tichikanganisa, kuti Muchangouya nesu manheru ano muchimiro cheMweya Mutsvene, uye muchatsanangura Magwaro kwatiri. Ndakamirira uye ndakazembera paMuri. Uye kana ndakamboita, chero nguva, ndakaedza kuisa pfungwa dzangu pachangu kana dudziro kana chimwe chinhu chehundini, kuyedza kuzviita kuti zvinzwike sekunge nzira yandange ndichizvitsanangura nayo ndiyo yaizove yakanaka, vharai muromo wangu, Ishe, sezvaMungazo . . . Makaita shumba, padzakavinga Dhanieri. Muchiri Mwari vamwe chete.

¹⁰ Uye ngazvive zvizere . . . Tichizembera paMweya Mutsvene, dai Wangozarura zvinhu izvi kwatiri. Uyezve paUnozvitaura, uzvijekese kwazvo zvekuti uyo abvunza mibvunzo achakwanisa kuUgamuchira. Uye kana Ukapindura zvinopesana nezvandagara ndichitenda, ipapo regai mwoyo wangu ufarewo, Ishe, kuziva kuti ndawana chimwe chinhu chitsva, uye imwe nzira yakanaka yaShe. Nokuti makati, “Nzverai Magwaro, nokuti maAri munofunga kuti mune Hupenyu Husingaperi, uye Iwo Ndiwo anopupura nezvaNgu.”

¹¹ Zvino, mushure medzidziso yeRugwaro iyi, zvirokwazvo zvaizomutsa pfungwa dzakawanda nezvimwe zvakadaro. Uye ndinonamata, Mwari, zvino kuti mibvunzo yose iyi inoita seinenge yakabvunzwa zvinotapira uye zvinyoro, dai Mweya Mutsvene wavapindura zvinyoro uye zvinotapira. Nokuti tinozvikumbira nemuZita raJesu, uye kuitira kubwinya kwaMwari, nekusimudzirwa kweChechi yaKe. Amen.

¹² Pane nguva zhinji idzo zvinangwa zveundini kune chero chinhu, zvinongokanganisa manzwiwo ose azvo. Uye zvino, mibvunzo yakanangana neGwaro iri yabvunzwa.

¹³ Zvino, kana ndikaita sokuridza muridzo zvishoma manheru ano, ndine zino rakabva. Uye ndikariisa, zvino handikwanise kuparidza, ndinononokera pandinenge ndichiparidza; ndikariburitsa, zvino ndinoita sendicharidza muridzo.

¹⁴ Mai Billy Graham vakataura nyaya nezvake, kuti kuvhiringika kwakanyanyisa kwavakambomuona, kwaiva, paakabva zino repamberi. Zvino akarasikirwa naro, uye aiva nechirongwa chepaterevhizheni pakarepo, uye—uye akanga asingagone . . . Raive parata raiva nemamwe mazino ekumatadza pariri. Zvino paaitaura, airidza muridzo “whew, whew” nemuzino rake. Zvino vakati akanga akapfugama pasi namabvi ake, achinamata uye achidikitira, maminiti gumi asati abuda paterevhizheni, zvino pekupedzisira vakariwana paraive radonhera kubva mumudhebhe wake rapinda muchigunwe cheshangu dzake. Mumwe wevabatsiri vemuhotera akariwana, zino riya rekuisira. Zvino Mai Graham vakataura nezvazvo pamusoro pavo, uye neche kuno. Saka ndakariisa mukabepa

kaduku, ndinofunga kuti ndinaro imo muno muBhaibheri rangu.

¹⁵ Uye saka zvakaite sekunge . . . kana tati chemberei zvishoma uye tichisina simba, munoziva, uye tofanira kurasikirwa neiwaya, zvinoita kuti zviipe. Uye saka ini . . . pandaiva kunze naHama Roberson kumashure uko, nevamwe, Ndakanga ndichikweshwa pariri mamwe mangwanani ndikatyora chidimbu kubva pariri, zvino ndakatoriendela kuna chiremba, kuti rigadziriswe. Saka Ishe vawedzere maropafadzo aVo.

¹⁶ Zvino tave kuenda, zvino, ndichaedza kupinda nemune ose zvawo, kana ndikakwanisa. Uye, Hama Tony, nenyasha dzaMwari, ndakawana dudziro yehope yenyu, uye zvanga zvakakanakisa. Ndinofara kwazvo kuona izvozvo. Uye idudziro yakanaka, yandinofungidzira kuti handifanire kuipa paruzhinji pano, saka ndichaipa kwamuri mega kana imi—kana imi mukarega . . . kana muchiida nenzira iyoyo. Vakandibvunza humwe husiku, vakava nechiroto, uye handina kukwanisa kuvaudza kuti chaive chii kusvikira ndaenda kuna Ishe ndokunamata pamusoro pazvo. Ndokubva Ishe vazvizarurira kwandiri uye vakandiudza kuti dudziro yacho yaiva yei. Yakaisvonaka kwazvo, uye inhau dzakanaka kwamuri, Hama Tony.

¹⁷ Zvino, mumubvunzo wekutanga. Zvino, handizive chaipo pekutanga kutangira, nekuti yose yakanaka. Asi, zvino, tinoedza kusatora nguva yakareba, uye pamwe tinogona kuipedzisa neSvondo, kana tikasaipedza.

51. Tsanangurai zvazvinoreva kuti “kurangwa nokusingaperi,” muna Mateo 25:46. “Asi . . .” Ndiwo mubvunzo wacho.

52. Zvino, mubvunzo wechipiri: “Asi vana vehumambo vachakandirwa kurima rekunze,” zvakangoda kufanana here nokuvadzinga mupfungwa dzaMwari?

¹⁸ Zvakanaka, zvino, tora mubvunzo wako wekutanga, unowanikwa muna Mutsvene Mateo, makumi maviri . . . chitsauko 25. Zvino ticha . . . Zvino, handina kumbonzvera iyi, ndangoitarisa kumashure uko, uye ndikangoedza nepese pandinogona napo kuti ndiitarise nekukwanisa kwose kwanda—kwandanga ndichiziva. Uye ini zvangu . . . Vhurai neni mumaBhaibheri enyu, patinenge tichiRidzida. Zvino, ndaida kuwana izvi kubva muduramazwi rechiGiriki zvakare, kuti muwane zve—zvepamavambo zvacho. Uye ndi—ndinozvifarira. Saka zvino tichava naZvo mune ose—mune ose—reChigiriki nerimwe. Uye zvino izvi zvichava—zvichava zvinoti nonokei, uye tichinzvera, nokuti ndinofanira kusvika ndотора Magwaro chero pese pandingaawana, ndoapinza munzvimbo yawo. Zvakanaka.

¹⁹ Zvino, pane here chero munhu anoda Bhaibheri rekudzidza naro? Kana uchida, simudza ruoko rwako. Uye isu . . . Ndinofunga tine matatu kana mana kumashure kuno.

Kana uchida kudzidza neRugwaro, zvakanaka. Hama Cox, mungauyawo here kuno kuzonditorera maBhaibheri aya? Uye zva—zvakanakirai, kana muchikwanisa, ku... (pane mumwe chete, uye chingo—chingoendai nawo zasi kana muchida, akawanda kudaro). Uye chero mumwe anoda rimwe, ingosimudza ruoko rwako, mukomana achauya nawo kwauri chaiko, munoono. Uye tinoda kunzvera izvi pamwe chete, uye chete...

²⁰ Zvino, pakuverenga uku nezvitsauko zvekupedzisira... zvitsauko zvinomwe zvekutanga zveBhuku raVaHebheru. Mushure mekudzidzisa, ndizvo, mukomana akanyora izvi pasi, zvidzidzo izvi, Hama Mercier naHama Goad, vanazvo uye zvino vari kugadzirira kuzvibuditsa zviri mumabhuku. Uye vanazvo. Zvino... uye hatina kana kutombosvika pakati, takangomaranzura zvishoma zvepamusoro. Uye ndinofunga vakazvidaidza... uye vakatora ma—mabwe anokosha kubva mune... uye vari kungokwenenzvera mabwe anokosha acho, mabwe mashoma chete edzidziso dzeVaHebheru. Hama Mercier vachava nazvo munguva pfupi iri kutevera, zvadhindwa, chero ani zvake anozvida.

²¹ Zvino izvi zviri muno, zvinounza... Haugone kupfuura zvekungo... muhechi yehuvhangeri, izvo ino ichечи yehuvhangeri. Haugone kupinda nemudzi—dzidziso pasina kumutsa kufungidzira nemifungo yeruzhinji rwavanhu. Unotofanira kudaro. Zvino, ndiri kure nekuva mudzidzisi, handisi mujekesi weBhaibheri zvachose. Asi handimboedzi ku—kutura chero chinhu, kana kutoita chero chinhu, asi kutanga—kutanga kubvunza kana kutsvaga chinhu changu chakanakisisa pazviri.

²² Zvakabvunzwa kwandiri neimwe hama inodikanwa, manheru apfuura, yakati, “Hama Branham, Hama Seward vakambotaura kuti hau—umbogoni kukumanikidzirai pakona chero papi zvapo. Munoono, kuti nguva dzose mune imwe nzira yekupoterera kuti mubude mazviri kana kubva pazviri.”

²³ Ndikati, “Zvino, chikonzero chaizvo, ndinogara ndichiedza kufunga ndisati ndaita chero chinhu. Maona? Uye zvaro kana vanhu vakandibvunza, ipapo ndinogona kuvaudza pfungwa dzangu zvadzanga dziri. Maona?” Asi ndeizvo kana iwe uchifunga zvakanaka. Uye usati waita chero chinhu, edza kutora divi iro Mwari vangada kuti utore, zvino zvinozova zvakaoma chaizvo kumanikidzirwa pakona.

²⁴ Hawaigona kufungidzira nguva iyo—iyo Ahabhu akaedza kumanikidzira Eria pakona. Ungafungidzira here nguva iyo vaFarise vakaedza kumanikidzira Jesu pakona? Munoono, Aive—Aive nemhinduro nekukurumidza, nekuti zvese zvaAkaita, Akazviita nokuda kwaMwari, uye Iye... ndiyo nzira iyo Iye—Iye aigona kuzviwana. Zvino, ndiyo nzira yatinozvida neizvi.

Zvino mubvunzo wabvunzwa, tichange tiri pamubvunzo:

Tsanangurai zvazvinoreva kuti “kurangwa nekusingaperi,” muna Mateo 25:46.

25 Zvino nyatsoteereresai. Munhu wese zvino, Mateo 25:46:

Zvino ava vachaenda mukurangwa kusingaperi: . . .

26 Zvino, mubvunzo ndewokuti, “Chii . . . Tsanangurai . . .” Zvino shoko rokuti *nokusingaperi* rinobva pashoko rokuti “narinhi-narinhi,” uye *narinhi* “chikamu chenguva.” Zvinoreva chete kuti “nguva yakawanda zvakadai,” *sanarinhi*. Zvino kana ukangoverenga . . . Handizivi kuti ndiani akanyora mibvunzo, nokuti hapana akaisa zita rake pairi; hazvaifanira kudaro, handiadi, munoona.

Asi ava vachaenda mukurangwa kusingaperi: . . .

(Zvino tarisai, ndeavo vakaipa.)

27 Zvino, munhu anodikanwa—anodikanwa abvunza mubvunzo, ingoverenga pamwe paYo pose pasara:

. . . asi vakarurama kuhupenyu husingaperi.

28 Vakaipa vachapinda mukurangwa narinhi (imwe nguva yakareba), asi vakarurama vane Hupenyu Husingaperi. Haufe wakawana kurangwa Nokusingaperi, hazvigone kudaro. Munoona, kana vakarangwa Nokusingaperi, vane Hupenyu Husingaperi; vane Hupenyu Husingaperi, vakaponeswa. Munoona, hazvigone kudaro. Zvino kana mukatarisa, mu—mubvunzo wazvibvunza wega . . . unozvipindura wega. Maona?

Zvino ava . . .

Zvino tarisai, ndoenda ndisati ndasvika pano:

. . . zvino naivava . . .

29 Muna 20 . . . ndima 44:

. . . zvino naivava vakapindura, vakati kwaAri, Ishe, tichanzwa nzara rinhiko, ndirinhi nenyota, uye muri mweni, uye musina nguvo, . . . uye muri mutorongo, tikasakushumirai?

Zvino ucha—zvino uchavapindura, achiti, Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, Zvekutoti pamakazviita . . . kune mumwe wavaduku ava, imi makazviitira . . . kwandiri.

Zvino ava vachaenda mukurangwa nekusingaperi (nekusingaperi): (ndivo vakaipa) . . . asi vakarurama kuHupenyu Husingaperi.

30 Maona musiyano wacho? Vakaipa vanorangwa kwenguva refu, asi *narinhi* “inguva refu.” Zvino, dai zvainge zvakafanana, zvingadai zvakanyorwa, “Uye ava vachaenda mukurangwa kwenguva refu, uye vamwe vachaenda kuhupenyu husingaperi.” Maona? Kana kuti, “Vachaenda mukurangwa Kusingaperi,

uye mumwe wacho kuhupenyu Husingaperi.” Munooona, kana paine kurangwa Kusingaperi, kurangwa narinhi narinhi, zvino kune Kusingaperi. . . ane Hupenyu Husingaperi; uye Hupenyu Husingaperi humwe chete, uye hunobva kuna Mwari. Chose chisina mavambo hachina magumo, chose chine mavambo chine magumo. Munooona zvandiri kureva?

³¹ Zvino, Gwaro pachaRo iro mu—munhu anodikanwa apindura. . . Zvino kana ukazvitora muduramazwi, “Uye *ava vachaenda* muainion, mukugurwa, uye kusvika kusingape- . . . nekumoto, dziva remoto.” Zvino, izwi rokuti a-i-n-i-o-n rinoreva “chikamu chenguva yekurangwa.” Muduramazwi rechiGiriki, pano chaipo, “chikamu chenguva yekurangwa,” kana, “nguva yekurangwa.” Maona, “Vachaenda munguva yokurangwa.” Izwi rinoshandiswa, a-i-n-i-o-n. *Ainion*, rinoreva “nguva refu, nguva, nguva yakaiswa munganhu.” Zvino woritora woridzose mu—mududziro pano, Chirungu, *narinhi* “inguva yakaiswa munganhu.” Munooona, rinobva muChigiriki, “munganhu wenguva.” Izwi rokuti *ainion*, kana *a-i-n-i-o-n*, *ainion* rinoreva “nguva yekurangwa yakaganurwa.”

³² Asi zvakare verenga mamwe, “Asi ava vachapinda muKusingaperi.” Zvakasiyana. Munooona, Hupenyu Husingaperi. *Kusingaperi* kunobva pashoko rokuti “Ziyendanakuenda,” uye Ziyendanakuenda harina kumbova nemavambo kana magumo. Ndiye narinhi *narinhi*. Zvino zvinofanira kupindura iwoyo, munooona, nokuti kana ukangoverenga Rugwaro zvakanyatsonaka chaizvo, uchaona.

³³ “*Ava vachaenda* mukurangwa *kusingaperi*, *asi vakarurama* . . .” Vakaipa vachapinda mukurangwa narinhi, kurangwa kwenguva refu; zvimwe makore bhiriyo, handizivi, asi zvirokwazvo ucharangwa nokuda kwezvivi zvako. Asi sechokwadi chokuti chivi chakave nemavambo, chivi chine magumo. Kurangwa kwakave nemavambo, uye kurangwa kune magumo. Uye gehena rakasikirwa dhiyahore nengirozi dzake. Maona? Zvakanaka. Zvino, ndine mumwe zasi pano wokupindura mauri, mumaminitsi mashoma chete, unova wakanaka, unosunganidza mauri.

Zvino, asi iyi pano: **“Asi vana vehumambo vachakandirwa kunze murima,” zvakangoda kufanana here nokuvadzinga kubva mupfungwa yaMwari?**

³⁴ Aiwa, hazvingave zvakafanana. Zvino, uri kureva pano Mabiko eMuchato. Zvino, “Uye vana vehumambo,” sezvabvunzwa pano. Vana vehumambo maJudha, uye vakakandirwa murima rekunze. Uye va—vakakandirwa murima rokunze, uye vakapfuura nemunguva yekuchema nekuungudza nekugeda—geda kwemeni. Vakakandirwa murima rekunze nekuti zvaizopa iwe neni nguva yekutendeuka, asi havana kumbodzingwa kubva mupfungwa dzaMwari.

Havazombokanganwi Israeri. Uye Israeri, sokuziva kunoita chero muverengi wese weBhaibheri, inodaidzwa kuti “vana vohumambo.” Munoono, humambo, vimbiso. Nemamwe mashoko, Mwari vachishanda nerudzi, paVakashanda neIsraeri, inova iyo vana vohumambo.

³⁵ Zvino, rangarirai, Vakati ipapo, “Zvino Abrahamana naIsaka naJakobho,” munzvimbo imwe chete, “vaizouya vogara muhumambo panguva yokupedzisira.” Munoono, zvino kuti Abrahamana, Isaka naJakobho vachange vari muhumambo; vakanga vari, vakanga vari vanhu veropafadzo rehumambo. asi vana vehumambo vachakandirwa kunze murima rekunze.

³⁶ Zvino, apo panobva chirevo pano pa—paChikomba. Panouya Chikomba, pavainge... Vashanu vemhandara vakabuda kunosangana naShe, uye—uye havana kumbotora kana mafuta murambi ravo. Uye va—vamwe vashanu vakatora mafuta murambi ravo. Zvino, kana mukacherechedza, mufananidzo wakanaka, zvose nemuJudha neMarudzi, sevakarambwa. Zvichengetei mundangariro kuti, pane mapoka matatu evanhu nguva dzese: muJudha, Murudzi (avo vetsika),...; muJudha, Murudzi, neChechi. Kana ukazvivhiringidza, zvechokwadi uchapinda mudambudziko paunosvika pana Zvakazarurwa. Nokuti kana ukasadaro...

³⁷ Sezvakataurwa naVaBohanon kwandiri imwe nguva, vakati, “Billy, chero ani zvake anozodza kuverenga Zvakazarurwa anozova nehope dzemadzikirira. Handiti,” akati, “heuno Mwenga zasi pano panyika, uye sha—uye shato ichisvipa mvura kubva mumuromo mayo kuti iite hondo naWo.” Ndokuti, “Zvino panguva imwe chete iyoyo Mwenga wakamira sezviuru zana zvine makumi mana nezvina” (dzidziso yeJehovah Witness) “paGomo reSinai. Uye panguva imwe cheteyo Mwenga uri Kudenga.” Kwete, kwete, muri kukanganisa.

³⁸ Kune mapoka matatu evanhu. Munoono, anova, muJudha akarambwa, uye kune mhandara yakarara iyo mvura... Haisi Mbeu yemudzimai, ndeiyo yakasara yeMbeu yomudzimai iyo shato yakasvipa mvura kubva mumuromo mayo... Zvakazarurwa 11. Uye zvakare, chaizvoizvo, maJudha zviuru zana zvine makumi mana nezvina zvamazvirokwazvo vakanga vasiri Mwenga, ndivo vakasara vechechi yechiJudha. Zvino dzidziso yeJehovah Witness inovaisa seMwenga, Handioni kuti ungazviita sei, nokuti, hausi Mwenga.

³⁹ Kana mukacherechedza muna Zvakazarurwa imomo, Yakati, “Uye imhandara.” Uye mayunaki. Zvino muyunaki aiva chii? Vakanga vari... Muyunaki aiva varindi vemutemberi vairinda mambokadzi, nokuti vakanga vari... kuva... Vaive varume vakaitwa kuti vasave nembeu. Vakanga vane... Macherechedza here, vakati, “Vakanga vasina kuzvisvibisa nevakadzi”? Vaiva mayunaki emutemberi. Uye

yakanga iri nhamba yakasarudzwa iyo Mwari vakanga vatora kubva muvasanangurwa vemaJudha. Zvino, kana mukacherechedza...Dai tikangokwanisa kuwana izvozvo kwechinguvana, kuti zviite sekuzvigadza mupfungwa dzako, apo paunogona chaizvo... .

⁴⁰ Ngatitorei Zvakazarurwa, chitsauko 7, uye tichaona pano zvino, uko...zvaYakataura. Chinhu chakanaka:

Uye *shure* kweizvi...*ndakaona vatumwa vana vamire kumativi mana anyika*,... (zvino, izvi zvinofambirana naEzekieri 9, paakaona kuparadzwa kwemaJudha. Uye pano ari kuona kuparadzwa kweMarudzi, Zvakazarurwa, chitsauko 7) ...Uye *ndakaona vatumwa vana vamire kumativi mana anyika, vakabata mhupo ina* (*mhepo* dzinoreva “hondo nokurwisana”) ...*kuti mhupo irege* kuvhuvhuta *panyika, kana pagungwa*,...kana muti upi zvawo. (zvino ndiyo hondo, “kubata”)

⁴¹ Oo, dai taiva nenguva yekunyatsotsanangura mubvunzo uyu. Izvozvo zvakaitika...Ndipo apo Russell akavhiringika. Russell akaporofita, achiona izvi zvichiuya. Akaporofita “ndiko kwaizova Kuuya kwaIshe Jesu,” asingazivi kuti kwaiva ku—kuiswa kwechisimbiso paChechi. Maona?

⁴² Uye vanoshamisika kuti sei hondo yepasi rose... Hondo Yepasi rose Yekutanga. Tarisai, yakamira muna Mbudzi zuva regumi nerimwe, nenguva dzaeleven o'clock muzuva; mwedzi wegumi nemumwe, zuva regumi nerimwe, neawa yegumi neimwe. Uye pakarepo mushure meizvozvo, rubhabhatidzo rwemumvura muZita raJesu rwakazarurwa uye neRubhabhatidzo rweMweya Mutsvene kuChechi. Chaizvoizvo, pakarepo mushure meizvozvo.

⁴³ Kana mukazvitora muchizviendesa muna Zvakazarurwa, kuti takaZvibatanidza sei pamwe chete, uye pakati peZera reFiradherfia neRaodhikia. Zvino maMethodisti vaive neZera reFiradherfia, rudo rwehama. Zvino zera rekupedzisira, zera rechechi, raive Zera reRaodhikia, raive zera rinongodziya. Zvino Akati imomo, “Ndakaisa musuwo (musuwo wakazaruka) pamberi pako.” Musuwo wakazaruka! Uye kana mukadzorera Magwaro iwayo kumashure, anosunganidza Mharidzo yose chaipo panzvimbo imwe chete ipapo, kukuratidzai chaizvo.

⁴⁴ Tarirai! Pano zvokuti zvinhu zvese zvainge zviri Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene, murubhabhatidzo, (urwo rwatinofanira kupinda marwuri zvakananga) rwaive mazvirokwazvo chitendwa cheKatorike uye chisina kumbova dzidziso yeChikristu. Kwete, changamire. Ndango...Tinazvo ipo pano, manheru ano, kuti tipinde mazviri; neduramazwi, zvakare. Maona? Hongu, changamire, uye nenhorondo zvakare. Hapana kana chero munhu akambobhabhatidzwa saizvozvo

muBhaibheri, kana kuti kwete kwemakore mazana matanhatu ekutanga mushure meBhaibheri. Uye ndinogona kuzviratidza pano nedzidziso yeKatorike pachayo, kuti ndivo vakazvitanga, uye vachisasa mvura pamwe nokudira.

⁴⁵ Vakabuda imomo vachipinda muchechi yeHwisiri, uye nekuchechi yeMethodisti, maMethodisti akarwuunza kuBaptisti, Baptisti yakarwusvitsa, uye rwuchiri dzidziso yenhema! Uye ndinogona kudzoka muBhaibheri ndokuratidzai kuti Bhaibheri rakataura kuti “une zita rokuti unorarama, asi wakafa.” Ndizvozvo chaizvo. Uye vaiva . . .

⁴⁶ Ndinogona kuratidza kuti Bhaibheri rakadzidzisa kuti vaizoshandisa Zita raKe murubhabhatidzo kusvika pazera rerima, maererano nezera re—rechina . . . wezera re—rechechi, Zera reChechi yePergamo. Uye Akati, imomo, mumakore chiuru nemazana mashanu emazera erima, munhu wese, akati, “Wasara nechiedza chidiki, nekuti hauna kuramba Zita raNgu.”

⁴⁷ Pazvakasvika kune rimwe zera riya neche uko, zera reKatorike, Akati, “Une zita rokuti ‘unorarama,’ asi wakafa! Uye wakaramba Zita raNgu.” Hezvoka izvo. Maona? Zvose zvinongosunganidza mufananidzo mumwe chete mukuru wakanaka pamwe chete, Bhaibheri rose.

⁴⁸ Zvino cherechedza izvi:

. . . kubata *mhepo ina* . . .

*Zvino ndakaona mumwe mutumwa achikwira achibva
Kudenga, aine chisimbiso chaMwari mupenyu. . .
(Chisimbiso)*

⁴⁹ Zvino, chii chisimbiso chaMwari mupenyu? Zvino, imi hama dzeAdvent muchati, “Chengeta zuva resabata.” Ndinoda kuti mundiratidze izvozvo muRugwaro. Hazvimo. Hapana nzvimbo imwe chete yazvaka . . . ndicho—ndicho chisimbiso . . .

⁵⁰ Kana ukaverenga VaEfeso 4:30, nekukurumidza chaiko, uchaona kuti Chisimbiso chaMwari mupenyu chii. VaEfeso 4:30 inoti, “Usachemedze Mweya Mutsvene waMwari wawakasimbiswa nawo kusvika pazuva rekudzikinurwa kwako.” Kwete kusvika parumutsiriro rwunotevera, asi tine chengetedzo yeKusingaperi (uh-huh). “Usachemedze Mweya Mutsvene waMwari wawakasimbiswa nawo kusvikira pazuva rekudzikinurwa kwako.” Ona kana VaEfeso 4:30 isingadaro, zvino wotora zviverengwa zvako zvekumapeto wozvironda nemunzira yose nemuMagwaro imomo, uye wozoona. Zvino, “Kusimbiswa kusvikira pazuva rekudzikinurwa kwako. Kuva nechisimbiso chaMwari mupenyu.”

⁵¹ Zvino, rangarirai, Mweya Mutsvene hauna kumbodzidziswa seRubhabhatidzo rweMweya Mutsvene kusvikira mushure meHondo Yepasi rose I. Tichangobva kupemberera jubheri

redu—redu rendarama, makore makumi mana, kana gore ramakumi mana rejubheri.

. . . zvino akadanidzira nenzwi guru kuvatumwa vana, vaya vakanga vapiwa simba rokukuvadza nyika kana gungwa,

Achiti, Musakuvadza nyika, kana gungwa, kana chero muti, kusvikira taisa chisimbiso pavaranda . . . (iko zvino wava kudzika kumubvunzo wako, “vana,” munoono) . . . varanda vaMwari wedu pahuma dzavo. (musakuvadza, musaparadza nyika, musarega bhomba reatomiki richiputika, musava nechinhu chakakwana kusvikira varanda vaMwari wedu vaiswa chisimbiso)

⁵² Zvino, kana taigona kudzosera izvozvo uko toronda tichidzokera ikoko, kuti—kuti kunyange paKupera kweHondo yePasi Rose, mubhuku rechipiri, apo Mutungamiriri wehondo Allenby akanga arwa kusvikira asvika pamiganhu yeJerusarema, zvino akatumira shoko kuna Mambo weEngland, ndokuti, “Handidi kupfura paguta, nokuda kwekuyera kwaro.” Akati, “Ndoita sei?”

⁵³ Akati, “Namata.”

⁵⁴ Zvino akabhururuka napamusoro paro zvakare, zvino pavakadaro, vakati, “Allenby ari kuuya.” Zvino paiva nevaMohamedhi imomo, vakafunga kuti akati, “Allah ari kuuya.” Zvino vakasimudza mureza muchena ndokubva vasarenda zvino Allenby akafamba achipinda muJerusarema akaitora asina kana kumboridza bara, maererano nezviporofita, ndizvozvo, ndokuidzosera kumaJudha.

⁵⁵ Zvadaro vakabva vamutsa Hitler kuti atambudze maJudha, uye nekwese-kwese pasi rose, ndokuvadzosera imomo.

⁵⁶ Uye Bhaibheri rakati Vaizo “vadzoseri vari pamapapiro echapungu.” Uye pavakatanga kudzoka . . . Magazini reLife nemamwe vakazviburitsa mavhiki mashoma apfuura, pavakavadzosa vari zviuru, muJerusarema, zvino vakabva vatakura vachembera vaya kumusana kwavo. Vakabvunzwa. Ndinazvo zvese patepi uye nemufananidzo. Zvino akati . . . Hapo pakarembere mureza wenyeredzi ina waDhavhidhi, wakarembere ipapo; mureza wekaresa pasi rose, kekutanga kawakabhururutsa kwezviuru zviviri zvevakore.

⁵⁷ Jesu akati, “Kana muonde wotanga kubukira, chizvarwa chino hachingatongopfuuri.”

⁵⁸ Zvino hepano vachionza vatana ivavo, uye vakati, “Chii? Muri kudzoka here kuzofira kumusha?”

⁵⁹ Vakati, “Kwete, tauya kuzoona Mesiya.”

⁶⁰ Uye, hama, ndinokuudzai, tave pamusuwo! Havo varanda, avo vakamirira zasi uko. Kwete boka iri remaJudha ringatokutsotsa mazino ako ekuisira kana vaigona, handiye

muJudha waVari kutaura nezvake. Asi ndeavo vari zasi uko vakachengeta mi—mirairo nezvimwe, uye vasina kumboziva kuti kwaiva naMesiya.

⁶¹ Uye Hama...paStockholm, Hama Petrus, vakavatumira maTestamende Itsva miriyoni, uye paakasvika kwavari vakanga vachiaverenga. Vakati, “Saka, kana uyu ari Mesiya, ngatimuonei achiita chiratidzo chemuporofita, uye tichamutenda.”

⁶² Hurongwa hwakadini hweshumiro yangu! Ndakanga ndasara nemaawa maviri kubva pamasuwo emuJerusarema, kuti ndipinde, uye ndakanga ndiri kuCairo, Egypt. Zvino ndakanga ndichifamba hangu ipapo, zvino Mweya Mutsvene wakati, “Usaende iko zvino.”

⁶³ Ndakafunga, “Ndanga ndichingofungidzira. Tikiti rangu rainge ratotengwa, ndiri munzira yangu. Murume wacho aive kunze uko kuzosangana neni, boka rose, zvikoro nezvimwe zvakadaro.”

⁶⁴ Ndakafamba kachinhambwe zvishoma, zvino Mweya ndokuti, “Usaende! Usaende.”

⁶⁵ Ndakadzokera kumutengeswi wematikiti, ndikati, “Ndinokanzurisa tikiti iri. Ndinoda kuenda kumusoro kuAthens, Greece, kuMars Hill.

⁶⁶ Zvino akati, “Zvakanaka, tikiti renyu rinodaidzira kuti Jerusarema, changamire.”

⁶⁷ Ndikati, “Ndinoda kuenda kuAthens pane kuenda kuJerusarema.” Mweya Mutsvene wakamirira, nguva iyoyo haisati yangosvika nazvino. Haisati yanyatsoita zvakanaka.

⁶⁸ Tarisai:

...kuisa chisimbiso pavaranda vaMwari wedu pahuma dzavo,

Achiti, Musakuvadze nyika,...kusvikira isu... taiza chisimbiso pavaranda vaMwari wedu pahuma yavo. (chero munhu anoziva kuti ichocho Chisimbiso cheMweya Mutsvene; tarisai)

Zvino ndakanzwa kuwanda kweavo vakaiswa chisimbiso:... (zvino, kana vasiri maJudha, tarisai izvi) ...uye pakaiswa chisimbiso kune zviuru zana zvine makumi mana nezvina vemarudzi ose evana veIsraeri. (hapana Murudzi mavari. Ndeapo panguva yekupedzisira)

⁶⁹ Tarirai! Verudzi rwaJudha, zviuru gumi nezviviri; verudzi rwaRubheni, zviuru gumi nezviviri; uye zvichienda zvichidzika, Gadhi, zviuru gumi nezviviri; Nafutarimi, uye—uye—uye zvichidzika kwese kusvika kuna Aseri, na—naZabhuroni, neose aya marudzi gumi namaviri eIsraeri. Uye gumi nembiri yakapetwa kagumi nembiri chii? Zviuru zana zvina makumi

mana nezvina. Hezvo zviuru zana zvine makumi mana nezvina, maJudha! Kwete Marudzi, maJudha! Ichocho hachisi chinhu chine chekuita neMwenga. Saka Jehovah Witness inokanganisa padzidziso yayo. Bhaibheri rinotaura zvakajeka kuti “maJudha,” uye haasi Marudzi. Ivo varanda vaMwari, uye Murudzi haana kumboonekwa semuranda. Tiri vanakomana nevanasikana, kwete varanda.

⁷⁰ Zvino verenga rimwe raCho rose. Semurume aidya nwiwa, akati, “Zvakanaka, asi ngatiwanei rimwezve raro.” Zvakanaka, Mwari vanaRo rakawanda pano. Zvino, chingocherechedzai. Zvino, zvino tave pandima 8:

Uye verudzi *rwaZabhuroni* . . . simbisa *zviuru gumi nezviviri*. Rudzi rwose *rwaJosefa vakaiswa chisimbiso vane zviuru gumi nezviviri*. Verudzi *rwaBenjamini vakaiswa chisimbiso vane zviuru gumi nezviviri*.

⁷¹ Munoono, Johane, ari muJudha, akaziva mumwe nomumwe wavo, akaona marudzi gumi namaviri eIsraeri; zviuru gumi nezviviri kubva murudzi rwega-rwega, gumi nembiri yakapetwa kagumi nembiri ndiyo zviuru zana zvine makumi mana nezvina. Hapo pavari, kwete Chechi, maJudha. Bhaibheri rakati pano, vakanga vari vose “vana veIsraeri,” rudzi rwose rwakadomwa.

⁷² Zvino tarisai, ndima 9:

Shure kwaizvozvo (zvino heuno Mwenga wouya) . . .

Shure kwaizvozvo ndakatarira, . . . tarira, vanhu *vazhinji-zhinji, vasingagoni kuverengwa nomunhu*, . . .

⁷³ Havo mayunaki enyu emutemberi, anongori zviuru zana zvine makumi mana nezvina, kachikamu kadiki bedzi, vanongova varindi vadiki vemutemberi vachange vaine Mwenga; vaperekedzi vaWo bedzi—vaWo bedzi. Ndivo zviuru zana zvine makumi mana nezvina, ndivo vaperekedzi veMwenga; mayunaki emutemberi.

⁷⁴ Tarirai! Ndivo, ndinoziva kuti munodzokera neche kuno kuna 14, uye moti, “Handiti, vari pamwe neMwenga chero kwese ivo. . .” Zvemazvirokwazvo! Mayunaki anofamba namambokadzi chero kwese kwaaienda. Chokwadi! Asi vaiva chii? Vakanga vasiri chimwe chinhu kunze kwevaperekedzi, uye ndizvo chaizvo zvinoratidzwa neRugwaro kuti ndizvo zviripano.

⁷⁵ Cherechedzai:

Zvino *shure kwaizvozvo*. . . zvino, tarira, vanhu *vazhinji-zhinji, vasingagoni kuverengwa nemunhu*, vendudzi *dzose*, . . . *marudzi*, . . . *vanhu*, *nendimi*, . . . (hoyo Mwenga wenyu weMarudzi uchisimuka, zvakanaka) . . . *ava vakamira*. . . *pamberi peGwayana*, (hoyo Muponesi wavo, Gwayana, kwete murairo; Gwayana, Nyasha) . . . *vakapfeka nguo chena*, . . .

(tarisai, mumaminitsi mashoma, onai kana nguwo chena dzisiri kururama kwemutsvene)... *nemichindwe muruoko rwavo*;

Zvino *vakadanidzira nenzwi guru*,... (kana urwu rwusiri rumutsiro rwePentekosti, handina kumbobvira ndakanzwa rwumwe)... *vachiti, Ruponeso ngaruve kuna Mwari* wedu akagara *pachigaro choushe*, uye *nokuGwayana*.

Zvino *vatumwa vose vakamira* vakakomberedza *chigaro cheushe nevakuru, nezvisikwa zvina*,... *ndokuwira pamusoro... pamberi pechigaro cheushe nezviso zvavo, vakanamata Mwari*,

Vachiti, Ameni: Kurumbidzwa, ... kubwinya, ... huchenjeri, ... kuvonga, ... kukudzwa, ... simba, simba, ngazvive kuna Mwari wedu *nokusingaperi-peri. Ameni.*

⁷⁶ Zvinonzwika senguva yemusangano wemusasa, hazvidaro here? Zvichava! Ndavanaani ivavo? Zviuru zana zvine makumi mana nezvina? Kwete zvachose! Nhamba huru iyi isina munhu... yeose marudzi, ndimi, nedzinyika. Hausi kuona here, shamwari yangu inodikanwa?

⁷⁷ Zvino tarisai, ingoZviverengai. Zvino:

Zvino mumwe wavakuru akapindura, achiti kwandiri, Ndivanaaniko ava uye... vakapfeka nguwo chena? uye vanobvepiko?

⁷⁸ Mukuru akati kuna Johane, akanga ari muJudha akacherechedza zviuru zana zvine makumi mana nezvina, akati, “Zvino, wakavaziva, ivo vose maJudha. Asi ndivana ani ava? Ko vakabva kupi?” Maona zvakataurwa nemukuru? “Mumwe wevakuru akapindura,” (ndivo vakuru vari pamberi peChigaro cheushe) “akandipindura, achiti, ‘Ndivanaaniko ava vakapfeka nguwo refu chena? Uye vanobvepi? Zvino, tose tinoziva maJudha nesungano yavo nezvimwe zvakadaro, asi ava vakauya riinhi?’” Zvino tarisai:

Zvino *ndikati kwaari, Changamire, imi munoziva*. (“Ini—ini—ini handizivi,” Johane akati, “zvangondipfuura ini. Handizivi.”) Zvino *akati kwandiri, Ava ndivo vakabva mukutambudzika kukuru*, (“Kupfuura nemumiedzo uye nenjodzi zhinji idzi, kushingaira nemisungo, ndakatopfuura kare.” Maona?) ...ava vakabuda mukutambudzika *kukuru, uye vakasuka nguwo dzavo*,... (muचेchi? Zvinonzwika sekunge ndizvo here?) ... *vakasuka nguwo dzavo, vakadzichenesa muropa reGwayana*.

...vari *pamberi pechigaro cheushe chaMwari, uye vanoMushumira masikati neusiku*... (ndiani

anondishumira mumba mangu? Mudzimai wangu. Ndizvo here?)...*uye nemutemberi yaKe*:... (ndiye anogara neni mumba mangu uye nemuhupfumi hwangu, mudzimai wangu. Ndiye anogara neni, anowacha nhumbi dzangu, uye nokuchengeta zvinhu zvakagadzirira kuitira ini) ...*uye iye* unogara *pachigaro cheushe* achagara pakati pavo. (Oo, ini zvangu, teererai!)

Uye *havachazoyi nenzara*,... (zvaiita sekunge vainge vapotsa svusvuro shoma vachiuya) ... uye havangazovi *nenyota* zvakare; kana *zuwa* harichazovapenyeri zvachose, *kana kupisa* hako.

Nekuti Gwayana riri pakati pechigaro cheushe richavapa zvekudya, uye *richavatungamirira* kuzvitubu zvipenyu zvemvura: uye *Mwari vachapukuta*... *misodzi yose* kubva kumeso avo. (hoyo Ari apo, hoyo Mwenga wako)

⁷⁹ Hezvo zviuru zana zvine makumi mana nezvina zvenyu, havo varanda venyu. Saka “vana voHumambo” pano, munhu anodikanwa abvunza mubvunzo, iwo... abvunza mubvunzo uyu wakatsarukana. Ndinofunga kuti ndinogona kunge ndausiya kumashure kuno mune... pamwe panhu, asi “pavachadzingirwa kunze,” hazvirevi kuti vachadzingwa kubva mupfungwa dzaMwari. Vanodzingirwa kunze kwemaropafadzo epamweya kwenguva diki. Munoono, kwenguva diki chete.

⁸⁰ Nokuti, muprofito paakaona Israeri muzuva rino rayakanga ichiuya kwariri, akati, “Zvakanaka, Israeri ichange iripo here pachabviswa Sabata, uye—uye vachitengesa nomusi weSabata zvimwe chete semamwe mazuva ose, nezvinhu zvose izvi?” Akati, “Saka, ko Mucha—ko Muchambofa here... Ko Israeri ichakanganikwa zvachose here?”

⁸¹ Akati, “Kwakareba kuenda mudenga zvakadii kusvika kudenga? Nyika yakadzika zvakadii? Zviyere nechimuti icho chiri pamberi pako.”

Akati, “Handikwanise!”

⁸² Akati, “Kana neniwo haNdingambokanganwi Israeri.” Zvirokwazvo kwete! Israeri haizombofi yakakanganikwa.

⁸³ Saka, munoono, *narinhi naNokusingaperi* zvinhu zviviri zvakasiyana. Israeri yakadzingirwa kunze, asi kwete kubva mupfungwa dzaMwari. Zvino Pauro anozvitaure neche pano, dai ndaiva ndine... ndiine nguva yekunzvera, kuitira kuti ndikurumidze kusvika kuGwaro iro... andingagona kutaura nezvawo kwamuri, munoono, ayo anouya mupfungwa dzangu.

⁸⁴ Pauro achitaura neche apo, akataura kuti isu Marudzi tingwarire, mafambiro atakaita uye nezvatakaita. Maona? Nokuti kana Mwari vasina kukanganwira davi rokutanga,

munoona, zvino isu tingori takabatanidzwa imomo, munoona, . . . Uye Israeri, yakapofomadzwa kwechinguva, akadaro. Kwechinguva bedzi, Israeri yakapofomadzwa. Ndizvozvo, asi chidzitiro chichabviswa paziso ravo. Zvino ndipo apo panozvarwa Murudzi wekupedzisira muHumambo hwaMwari, zvino ipapo chidzitiro chavo chichabviswa pameso eIsraeri. Uye ivo vachati, “Uyu ndiye Mesiya Uyo watanga takatarira kuti tione.” Ndizvozvo, asi suwo reMarudzi ravharwa (areka ya—yavharwa), hapachina—hapachina nyasha dzasara kune Marudzi panguva iyoyo.

⁸⁵ Zvino, ndinotora nguva yakawanda kwazvo pamubvunzo mumwe chete. Uye mumwe munhu anoti, “Zvino hamusi kusvika kune wangu.” Saka, tichakurumidza uye toona kana tisingakwanise kusvika kwauri.

⁸⁶ Zvakanaka, heuno uyu wa—wakareba. Uye chidimbu chese chabvunzwa nemukadzi kana murume abvunza, kana chero zvaangava, ndizvozvo.

53. Hachizi chokwadi here kuti Ishe Jesu havana kufira nyika yose, kureva munhu wose ari munyika, asi bedzi. . . (zvino, ndingatsanangura izvozvo, asi mudzimai. . . murume kana mudzimai, chero zvaangava. . . Zvinoita serunyoro rwemukadzi) . . . asi bedzi kuitira ava—kuitira ava vari munzvimbo dzose dzenyika, avo vaAkapiwa naBaba? Avo nyika isati yavambwa, Mwari vakavatemera kuHupenyu Husingaperi, ndokunge vavasarudza maererano nekufadzwa kwaVo pachaVo kwakanaka?

⁸⁷ Zvemazvirokwazvo, ndizvozvo! Ndizvozvo chaizvo. Jesu akafira . . . kwete kungo . . . Ane chinangwa.

⁸⁸ Ngationei, ndinotenda. . . Ndi—ndinotenda vaverenga. . . mubvunzo unouya pamusoro peizvi:

54. Rugwaro pasina kupokana rwunotiudza kuti ava ndevaya avo vasingazo—ndevaya avo vasingazoponeswi. Saka. . .

⁸⁹ Ndizvozvo chaizvo. Magwaro anotiudza kuti kune vanhu vakafanotemerwa naMwari kuti vagopomerwa.

⁹⁰ Mungada here kuverenga izvozvo, kuti zvizogara zvisiri mupfungwa dzenyu? Zvakanaka, ngativhurei zvino kuBhukura—raJudha, Judha ari kutaura pano.

Judha, muranda waJesu Kristu, munun’una waJakobho, kune avo vakacheneswa naMwari Baba, uye vakachengetwa muna Jesu Kristu, uye vakadanwa:

⁹¹ Munoona vaanoZvirevera? Kwete mutadzi, kwete shumiro yekuvhangera chete, asi kune vakacheneswa uye vakadanwa. Munoona, avo vatori muHumambo kare.

Ngoni kwamuri, nerugare, nerudo, ngazviwanzwe.

Vadikani, . . . Ndinoisa kushingaira kwose kuti ndinyore kwamuri *pamusoro* peruponeso rwekumunhu wose, zvanga zvakakodzera *kuti* ndikunyorerei, uye *ndichikurairai*. . . imi pamunofanira kurwira *kwazvo kutenda* kwakambopiwa kuvatsvene.

Nekuti *kune vamwe varume vakapinda* muchivande, *vakagara vakaisirwa kare kutongwa uku*, . . . (sei?) . . . *vanoshandura nyasha dzaMwari wedu* kuva unzenza, . . .

⁹² Vakagadzwa kare! Kwete kuti Mwari vakagara pachigaro cheushe, uye vakati, “Ndichaponesa murume *uyu*, ndicharasikirwa nemurume *uyo*.” Zvakanga zvisiri izvo! Mwari vakafa, zvino Jesu paakafa, yananiso yakafukidza pasi rose kuitira munhu wose. Asi Mwari, nokufanoziva . . . Kwete nekuti Vachazviita. . . HaVasi kuda kuti chero ani zvake aparare. Vaida kuti munhu wose aponeswe. Ndicho chaiva chaVo—ndicho chaiva chinangwa chaVo chaZiyendanakuenda. Asi kana vaive Mwari, Vaiziva kuti ndiani aizoponeswa uye ndiani aisazoponeswa. Dai Vaisaziva, ipapo Vainge vasiri Mwari vasina magumo. Saka Bhaibheri rinodzidzisa izvozvo. Kuti taigona . . .

⁹³ Dai taiva nenguva yekuvhura pano muna VaRoma, chitsauko 8, uye maigona kuiverenga. VaRoma, chitsauko 9, nedzimwe nzvimbo dzakawanda muBhaibheri. VaEfeso, chitsauko 1. Uye munogona kuona kuti kusanangura kwaMwari, kuti kumire kwakasimba, Mwari vakapa sungano pasina zviga. Vakatumama Jesu kuti afire avo vaVakagara vaziva. Maona?

⁹⁴ Kwete kungotaura kuti, “Zvakanaka, munoti Mwari havazivi kuti achaponeswa here kana kuti kwete?” Mwari vakaziva kuti waizoponeswa, kana kuti uchadaro kana kuti kwete, nyika isati yatombovambwa, kana kuti Vakanga vasiri Mwari.

⁹⁵ Munoziva here zvinoreva shoko rekuti *kusava nemagumo*? Tarisai . . . tarisai muduramazwi muone kuti shoko rekuti *kusava nemagumo* rinorevei. Handiti, Vaiziva nhata yose yaizova panyika, nhunzi yose, unyunyu hwose, utachiona hwose. Vakazviziva zvisati zvavapo, kana kuti Vakanga vasiri Mwari. Zvirokwazvo, Vaizviziva. Zvakanaka.

⁹⁶ Zvino, imomo, Mwari ha—havaigona kutaura kuti, “Ndichakutora *ive*, ndokuendesa kugehena; uye ndichakutora *ive*, ndokuendesa Kudenga.” Mwari vaida kuti mese muende Kudenga. Asi nekufanoziva Vakaziva kuti mumwe aizova munyengeri, uye mumwe wacho aizova murume kwaye uye Mukristu. Maona? Nokudaro Vakazotuma Jesu kuti azofe, kuti aponese munhu iyeye waVakafanoziva aida kuponeswa. Muri kuzvibata here?

Zvino tarisai pano:

Magwaro pakupokana anotiudza kuti ava ndivo vasingazoponeswe.

- 55. Naizvozo kana yananiso yakafukidza rwose...rudzi rwose rwaAdhama, uye vamwe vakarasika nekuti havana kuzvipira kune vimbiso, kana zvakapiwa, havanga... vanga-... pachena... achadaro here... kuchava simba guru kupfuura zvirongwa nezvinangwa zveKusingaperi zvaMwari Samasimba? Zvingava here... (Munhu zvino, pamubvunzo wechipiri uyu, ari kubvunza.) Ko kuda kwemunhu kwekuzvisarudzira hakungavi here simba guru kupfuura zvirongwa nechinangwa zveKusingaperi zvaMwari Samasimba?**

⁹⁷ Kwete, hama kana hanzvadzi yangu. Zvirokwazvo kwete! Hapana chimwe chine simba rinopfuura... Kuda kwemunhu hakungambofananidzwe ne—nechinangwa cheKusingaperi chekutonga kwaMwari. Hazvaigona kudaro, munoona.

⁹⁸ Zvino, mubvunzo wako wekutanga ndizvo chaizvo. Mubvunzo wako wechipiri haungagone kuva, shamwari. Nekuti tarisai, tarisai manyorerwo azvakaitwa pano, munoona: “Ko kuda kwemunhu kwekuzvisarudzira hakungavi nesimba guru kupfuura zvirongwa nechinangwa zveKusingaperi zvaMwari Samasimba here?” Handiti, kwete zvirokwazvo. Ko kuda kwomunhu kungagona sei kuva simba guru rinopfuura chinangwa chaMwari Samasimba? Zvino munhu ari muchinhano chake chenyama kuti aite zvaanoda, kuve nesimba rinopfuura zvingava Mwari woKusingaperi, akakwana? Zvirokwazvo kwete! Hazvaigona kudaro, munoona. Mwari voKusingapere, Avo vane chinangwa chakakwana, ungataura sei kuti mu—munhu wenyama zasi kuno, hazvinei kuti akarurama sei (uye anogona kuva), zvinangwa zvake hazvingamboenzanisiwi neichi: chi—chinangwa chaMwari Samasimba weKusingaperi.

⁹⁹ [Imwe hanzvadzi inotaura kuna Hama Branham—Mupepeti] Hongu. [“Ndine hurombo. Ndanga ndichingoda kubvunza mubvunzo, uye—uye hamuna kunzwisisa zvandiri kureva ipapo.”] Hongu, zvakanaka, hanzvadzi. [“Handitendi izvozo zvachose, Ndanga ndichireva ‘Chinangwa chaMwari chemuZiyendanakuenda chiri kukurira rusununguko rwemunhu rwekuzvisarudzira.’”]

¹⁰⁰ Ndizvozo. Oo, saka, nda—ndauverenga zvisizvo ipapo, munoona. Zvakanaka. Hongu, ndizvozo chaizvo zvino, hanzvadzi. Handina kuziva kuti wanga uri mubvunzo wenyu—wenyu. Zvakanaka. Asi, munoona, kwandautora pano, munoona, ... Zvino regai ndione, “Zvichisanganisira rudzi rwose rwaAdhamu, uye vamwe vakarasika nokuti havana kuzvipira ivo pachavo—pachavo pane zvayakapa, ko kuda kwemunhu kwakasununguka hakungavi here nesimba guru kupfuura zvirongwa nechinangwa zveKusingaperi zvaMwari

Samasimba?” Maona, nda—ndanga ndadudzira pfungwa yenyu zvisizvo ipapo. Hongu, chinangwa chemuZiyendanakuenda chaMwari Samasimba. Saka, zvatozvigadzirisa.

¹⁰¹ Ndinofungidzira kuti munhu wose anonzwisisa izvozvo. Munodaro, simudzai maoko enyu. Ndi—ndicho chinangwa chemuZiyendanakuenda chaMwari Samasimba, chingatova zvmazvirokwazvo chiri pamusoro-soro—pamusoro-soro pezvingaitwa nomunhu.

Zvino:

56. Handinzwisise zvajeka pamusoro perubhabhatidzo rwemumvura, muchitsauko 28 cha... ndima 19, yaMateo. Izvi zvinorevei?

¹⁰² Saka, zvino, pamwe zvinongonditorera nguva shoma bedzi. Uye ngatiwanei mumwe munhu anovhura neni kana mungadaro, kuna Mateo, chitsauko 28, uye ndima 19. Uye tichazooka, izvo munhu uyu ari... makumi maviri nemashanu... Zvino, Izvi zvinokuita kuti ugwinye kana ukangogara unaZvo. Zva—Zvakanaka, munooona. Hazvisi zvekuvhangera, asi Zviri... .

¹⁰³ Zvino tiri... Zvino pano ndipo panoedza vanhu kutaura kuti, “Pane kupesana muBhaibheri.” Zvino, ndinoda mumwe munhu avhure kuna... naMateo 28:19. Kana kuti, kwete, ndinoda mumwe munhu... Mateo 28:19. Ndinoda kuti mumwe munhu avhure kuna Mabasa 2:38. Mune Bhaibheri renyu ipapo here, Hama Neville?

¹⁰⁴ Uye ndinoda kuti muzviverengere pachenyu zvino. “Uye ndichakuratidzai kupesana kwakanyanya muBhaibheri. Uye kuti bha—Bhaibheri... Vanhu vanoti ‘Bhaibheri harizvipikise pachezvaRo,’ Ndinoda kuti mutore izvi mundangariro.”

¹⁰⁵ Uye izvi zvinoita kuti vanamuzvina fundo vachene musoro. Asi Zva—Zvakareruka. Zvino ndichaverenga Mateo 28:19, nditeverei. Uye vamwe venyu muna Mabasa 2:38, itai kuti ive yakagadzirirwa. Ndichatangira pandima 18, ichi ndicho chitsauko chekuvhara chaMateo:

Zvino Jesu akauya akataura kune vake vadzi... akataura kwavari, achiti, Simba rose rakapiwa kwandiri kudenga nepanyika. (simba raBaba riripi?)

¹⁰⁶ Kana simba rose riri Kudenga nepasi rakapiwa Jesu, Mwari vakapera simba saka, haVana here? Kana kuti Akangotaura nyaya here? Aiita nyambo here? AiZvirevesa! Hamutendi here kuti AiZvirevesa? Saka, kana simba rose rakapiwa kwaAri, ko simba raMwari riripi zvino? Akanga ari Mwari! Ndizvo chaizvo. Ndicho chinhu choga pazviri. Ndizvo zvoga chete zvaivapo. Muoona, Aiva Mwari; kana kuti pane mumwe munhu akagara ipapo, ainge ane rimwe simba, haachisina zvachose. Maona? Saka haugone—haugone kuZvivhiringidza. Isu tichazvigadzirisa pachinhu chimwe chete ichi pano. Zvakanaka:

...*Simba rose kudenga nepanyika riri...kudenga napanyika.*

Endai naizvozvo...mudzidzise marudzi ose, muchivabhabhatidza muzita raBaba, nereMwanakomana, nereMweya Mutsvene:

Muvadzidzise kuchengeta zvole zvandakakurairai imi... tarirai, ndinemi nguva dzose, kunyangwe kusvikira pakuguma kwenyika.

¹⁰⁷ Mabasa 2:38, zvino mumwe munhu verenga. Imbomirai zvishoma. Mabasa, chitsauko 2, ndima 38. Zvino, nyatsoteerera zvino, uye mungotsungirira, uye tichaona zvino. Zvino, aya mazuva gumi anotevera mushure mekunge Jesu avaudza zvino, Mateo 28:19, “Endai naizvozvo, mudzidzise marudzi ose, muchivabhabhatidza muzita raBaba, reMwanakomana, neroMweya Mutsvene.”

¹⁰⁸ Zvino, Petro, mazuva gumi anotevera...Havana kumboparidza imwe mharidzo. Vakakwira kumusoro mukamuri yepamusoro yemuJerusarema, vakamiriramo (kwemazuva gumi) kuti Mweya Mutsvene uye. Vangani vanozviziva? Panzvimbo iyi. Heunoi Petro, Petro ane makiyi ekuHumambo. Zvakanaka, tichaona zvaanoita. Mateo, kana kuti ndinoreva Mabasa 2, ngatitorei ndima 36:

Naizvozvo imba yose yeIsraeri ngaizive kwazvo, kuti Mwari vakaita uyu Jesu mumwe chete, uyo imi... wamakarovera pamuchinjikwa, zvole Ishe naKristu.

“Zvole Ishe naKristu.” Ndosaka, simba rose rekumatenga nepanyika rakapiwa kwaAri.

Zvino vakati vachinzwa izvi, vakabayiwa mumoyo wavo, vakati kuna Petro uye...vamwe vaapostora, Varume nehama, tichaitei?

Petro akapindura...*Petro akati kwavari, Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, uye mubhabhatidzwe muzita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi, uye muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene.*

¹⁰⁹ Zvino, pane kupesana, Mateo akati, “Bhabhatidzai muZita: Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” uye Petro akati muna Mabasa 2:38, mazuva gumi akazotevera, “Tendeukai, uye mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu.”

¹¹⁰ Zvino nguva yakatevera kutendeuka pakwakataurwa—pakwakataurwa nezvako, kana kuti, rubhabhatidzo, muBhaibheri, ndiMabasa chi—chitsauko 8, Firipi paakadzika zasi akanoparidzira kune...ku—kuvaSamaria. Uye vakagamuchira Mweya Mutsvene, uye vakabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu.

¹¹¹ Nguva yakatevera parwakazotaurwa nezvarwo, ndipo paya veMarudzi pavakaUgamuchira, Mabasa 10:49:

Uye *Petro wakati* . . . *achataura mashoko aya*, tarira, *Mweya Mutsvene wakawira pamusoro* . . . pavo avo vakavanzwa.

Nekuti vakavanzwa vachitaura nendimi, vachirumbidza Mwari. Ipapo Petro akati,

Ko munhu angadzivisa mvura here, achiona kuti ava . . . *vagamuchira Mweya Mutsvene sezvatakaita pakutanga?*

Zvino akaraira kuti vabhabhatidzwe muzita raIshe Jesu Kristu.

¹¹² Zvino regai ndive nechimwe chinhu pano, ndingokuratidzai chimwe chinhu chiduku kuti musachikanganwa; ndiri kuzoita mufananidzo mudiki. Ndichaisa . . . Zvingani zvizva- . . . marudzi evanhu aripo munyika? Kune matatu: vanhu vaHamu, Shemu, naJafeti. Vangani vanozviziva izvozvo? Tinobva kuvanakomana vatatu ivavo vaNoa. Vanhu vaHamu, vanhu vaShemu . . . Vanhu vaJafeti ndivo maAnglo-Saxon, vanhu vaShemu ndivo . . . Zvizvarwa zvitatu, zvinoti: muJudha, Murudzi, nehafu muJudha neMurudzi. Zvino, cherechedzai, kuti apo . . . uye *uyu* ndiHamu . . . Shemu, Hamu, naJafeti.

¹¹³ Zvino, kekutanga rubhabhatidzo parwakambotaurwa nezvarwo, rwakataurwa nezvarwo naJohane Mubhabhatidzi. Vangani vanozviziva kuva chokwadi? Zvakanaka, ndichazvigadzika neche apa, neche kure kuno, Johane Mubhabhatidzi. Zvino Johane akabhabhatidza vanhu murwizi rweJorodhani, achivaraira kuti vatendeuke uye vagadzirisane naMwari, uye vatengese zvinhu zvavo, nekupa varombo zvekudya, uye masoja vagutsikane nemari yavo, uye nekugadzirisana naMwari. Vangani vanozviziva izvozvo? Zvino akavabhabhatidza murwizi rweJorodhani, kwete kuvasasa, kwete kuvadira, asi kuvanyudza! Kana usingaZvitende, herino duramazwi, tsvaga uone kana risiri *baptizo*, rinova “bhabhatidza, kunyudzwa, kuiswa pasi, kuvigwa.” Zvino, kekutanga rubhabhatidzo parwakambotaurwa nezvarwo, ndeipapo.

¹¹⁴ Kechipiri rubhabhatidzo parwakambotaurwa nezvarwo, Jesu akarwuirira, Mateo 28:19.

¹¹⁵ Nguva inotevera pakazotaurwa nezve rubhabhatidzo, aive Mabasa 2:38.

¹¹⁶ Nguva yakatevera pakazotaurwa nezve rubhabhatidzo, maive muchitsauko 8 chaMabasa.

¹¹⁷ Nguva yakatevera pakazotaurwa nezve rubhabhatidzo, maiva mu—muchitsauko 10 chaMabasa.

¹¹⁸ Uye zvakare tinobva panguva iyo Jesu akati, pano, “Endai naizvozvo, mudzidzise marudzi ose, muchivabhabhatidza nemuZita raBaba, neMwanakomana, Mweya Mutsvene.”

119 Zvino ngatitwasanudzei Gwaro iri, kutanga. Ndakuudzai kuti “hapana kana Gwaro rimwe chete muBhaibheri rinopesana nerimwe.” Ndinoda kuti muuye naro kwandiri. Ndakabvunza izvozvo kwemakore makumi maviri nematanhatu, uye handisati ndariwana nazvino. Hakuna Gwaro rinopiki-... Kana richiRipikisa, saka inyaya yakanyorwa nemunhu. Kwete, changamire, hapana kupesana muBhaibheri!

120 Zvino izvi makati, “Ko izvoka *izvo*?”

121 Hepano pamire Jesu achiti, “Naizvozvo endai, dzidzisai marudzi ose, muchivabhabhatidza muZita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.”

122 Zvino Petro akanyatsa kutendeuka zvakare, zvino akati, “Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu.”

123 “Hekunoi kupesana kwenyu.” Zvintaridzika sekudaro. Zvino, kana uchiverenga nepfungwa dzenyama, uye kwete nemoyo wakazaruka, kunenge kuri kupesana.

124 Asi kana ukaRiverenga uine pfungwa dzakazaruka, “Mweya Mutsvene wakavanza izvi kubva kumeso evakachenjera nevakangwara,” Jesu akataura kudaro, uye akavonga Mwari pamusoro pazvo, “uye akaZvizarurira kuvacheche avo vanoda kudzidza.” Kana uine pfungwa, uye kwete pfungwa yehundini, asi moyo unoda kudzidza, Mweya Mutsvene uchakudzidzisa zvinhu izvi.

125 Zvino kana zvisingaenderane... Wati, “Unoziva sei kuti uri pachokwadi?” Zvakanaka, zvinoenderana nemamwe Magwaro ese. Kana ukasadaro, une kupesana chaiko pano.

126 Zvino ndinoda kukubvunzai mubvunzo. Ichi ndicho chitsauko chokupedzisira chaMateo. Ndichazvitora muchimiro chidiki, kuitira kuti mumwe nemumwe wenyu...vana vaZvinzwisise.

127 Semuenzaniso, kana ukaverenga nyaya yerudo, uye kumashure kwayo yakati, “Zvino Mary naJohn vakararama vachifara kubva panguva iyoyo zvichienda mberi.” Saka, uri kushaya kuziva kuti ndiani John naMary vakararama vachifara kubva panguva iyoyo zvichienda mberi. Zvino, kana uchida kuziva kuti John naMary ndivana ani, unofanira kuti udzokere kwekutanga kwebhuku ugoona kuti John naMary ndivana ani. Zvino wodzokera kuno woona kuti Mary aive ani, uye kuti anobva kumhuri ipi; uye kuti Johane aive ani, uye kuti anobva kumhuri ipi, uye kuti zita rake raive ani, uye kuti vakaroorana sei, nezvose pamusoro pazvo. Ndizvozvo here?

128 Saka, ndizvo zvimwe chete mukuverenga Bhaibheri pano. Apo... Tarisai, Jesu haana kumboti, “Endai munobhabhatidza vanhu muzita raBaba, muzita reMwanakomana, muzita reMweya Mutsvene,” nzira inobhabhatidza nayo vanhu

vanotenda muhutatu. Hakuna Gwaro rezvakadaro muBhaibheri. Haana kumboti, “Mumazita (m-a-z-i-t-a), mazita” aBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.

¹²⁹ Akati, “Mu (z-i-t-a) zita,” rimwe chete. Tarisa Bhaibheri rako ipapo uone kana zvisiri izvo, Mateo 28, “MuZita.”

¹³⁰ Kwete “muzita raBaba, muzita reMwanakomana, . . .” ndiyo nzira inobhabhatidza nayo muparidzi anotenda muhutatu. “Muzita raBaba, muzita reMwanakomana, nemuzita reMweya Mutsvene.” Hazvitomborimo muBhaibheri.

¹³¹ “Zvino muzita . . .” Wakati, “Saka, zvino muzita ra ‘Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.’” Zvino pane rimwe Zita ipapo.

¹³² Saka, *baba* izita here? Vangani vanoziva kuti *baba* harisi zita? *Baba* idunhurirwa. *Mwanakomana* harisi zita. Vangani vanoziva kuti *mwanakomana* harisi zita? Vangani vanababa vari muno? Simudza ruoko rwako. Vangani vanakomana vari muno? Simudza maoko ako. Saka, ndiani wenyu anonzi “Mwanakomana”? Ndiani wenyu anonzi “Baba”? *Zvakanaka, Mweya Mutsvene* harisi zita, *Mweya Mutsvene* ndizvo zvaUri. Mune vanhu vangani muno? simudza ruoko rwako. Maona? Hezvoka izvo, *Mweya Mutsvene* ndizvo zvaUri. *Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene*, hapana rimwe rawo rinova mazita; hapana zita pariri.

¹³³ Saka, zvino, kana Akati, “Bhabhatidzai Muzita raBaba, Mwanakomana neMweya Mutsvene,” zviri nani tidzokere tonoono kuti ndiAni Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene. Ngatidzokerei kuchitsauko 1 chaMateo zvino, tione kuti Muchinda uyu aive Ani watinofanira kubhabhatidza nemuZita ripi racho. Uye tinotanga zvino naMateo, chitsauko 1, uye ndima 18. Verengai nepedyo, imi mose.

¹³⁴ Zvino, imi mabvunza mubvunzo, ndinoda kupa mufananidzo mudiki pano. Zvino ndichaisa zvinhu zvitatu pano kuitira kuti munzwise zvakajeka, (kuita mufananidzo) maBhaibheri aya nemabhuku, kuita mufananidzo.

¹³⁵ *Zvakanaka*, ndinoda kuti munyatsonditarisisa, uye mumwe nemumwe anditevere zvino. Zvino, *iri* pano ndiMwari Baba. *Iri* pano ndiMwari Mwanakomana. *Iri* pano ndiMwari Mweya Mutsvene. Zvino, vangani vanonzwisisa? Zvitaurei mushure mangu. Ndiani uyu zasi *apa*? [Ungano inoti, “Mweya Mutsvene.”—Mupepeti] Mweya Mutsvene. Ndiani uyu ari neche *apa*? [“Baba.”] Ndiani uyu *pano*? [“Mwanakomana.”] Zvino, ndiyo nzira iyo vanotenda muhutatu vanozvitenda, Maona, zvinotiita mahedheni, vangori vambishi sezvazvingava.

¹³⁶ MuJudha; ndicho chikonzero pasina chinhu chaunogona kuita nemuJudha. Akati, “Haukwanise kugura Mwari muzvidimbu zvitatu woMupa kumuJudha.” Asi, kwete zvirokwazvo, haugone kana neniwo. Maona? Kwete, changamire.

NdiMwari mumwe. Ndizvo chaizvo. Kwete vanaMwari vatatu. Zvino cherechedzai kuti—kuti—kuti Zviri nyore sei.

¹³⁷ Zvino tiri kuzoona. Zvino, ndiani. . . *Uyu* ndiAni? Vamwe taurai zvino. Mwari Mwanakomana. Ndizvo here? *Uyu* ndiye Mwanakomana. Zvino, saka Baba vaKe ndiMwari. Ndizvo here? Vangani vanotenda kuti Baba vaKe ndiMwari? Simudza ruoko rwako. Vangani vanotenda kuti Mwari ndivo Baba vaJesu Kristu? Zvakanaka.

Zvino kuberekwa kwaJesu Kristu kwaiva kudai: . . .

¹³⁸ Zvino tava kudzokera kunoona kuti Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene ndiAni, izvo Mateo akati “mubhabhatidze muZita racho.” Munoono, Zita; kwete mazita zvino, nokuti haakwanisi kuva mazita, nokuti hapana zita ipapo.

Zvino kuberekwa kwaJesu Kristu kwaiva kudai: Apo. . . mai vake Maria vakati vatsidzirana naJosefa, vasati vasangana, akawanikwa ava nemimba yaMwari Baba. (Bhaibheri rinotaura kudaro here? Bhaibheri rinotii?). . . akawanikwa ava nemimba yeMweya Mutsvene.

¹³⁹ Zvino ndeupi weava ari Baba vaKe? Zvino, Bhaibheri rakataura kuti *uyu* ndiye Baba vaKe, zvino Jesu akati *uyu* ndiye aive Baba vaKe. Zvino, ndeupi waCho anova ari Baba vaKe? Zvino, kana Aive navanababa vaviri, ko zvino toti kudii? Kana Aiva navanababa vaviri, Mwana wehupombwe.

¹⁴⁰ Zvino ngatingoverengei mberi zvishoma:

Zvino Josefa murume wake, zvaakanga ari munhu wakarurama, wakange asingadi kumunyadzisa pachena, asi akafunga kumuramba chinyararire.

Asi wakati acharangarira pazvinhu izvozvo, tarira, mutumwa waShe akazviratidza kwaari muchiroto, achiti, Josefa, mwanakomana waDhavidhi, usatya kutora Maria mukadzi wako: nokuti icho chakagamuchidzwa mukati make ndeche. . . [Ungano inoti, “Mweya Mutsvene”—Mupepeti]

¹⁴¹ *Chii?* Mweya Mutsvene? Saka, Baba vangave Baba vaKe sei, uye neMweya Mutsvene wova Baba vaKe panguva imwe cheteyo? Zvino, Aiva navanababa vaviri saka, kana zviri izvo. Kwete, changamire! Mweya Mutsvene NDIMwari. Mweya Mutsvene NDIMWARI. Saka Mwari neMweya Mutsvene Munhu mumwe chete, kana kuti Aiva navanababa vaviri.

¹⁴² Munoono, tinoona kuti *John naMary* ndivana ani, mushure mechinguva. Zvakanaka, regai tione kana Petro naMateo vaiedza kupesana kana kuti kwete, toona kana Gwaro richizvipikisa pachaRo. Kushaya kunzwisisa kwepamweya. Ndizvozvo chaizvo.

Asi wakati achifunga pane izvi. . .

143 Ndaiverenga iyo, ndima 20. Zvino 21:

Uye achazvara mwanakomana, . . . (Munhu uyu, aiva wevapi? Munhu Mumwe, Mwari.) . . . uye uchatumidza zita rake. . . (Kutii?) [Ungano inopindura, “JESU”—Mupepeti] . . . nokuti ndiye uchaponesa vanhu vake kubva pazvivi zvavo.

. . . izvi zvose zvakaitwa, kuti. . . kuti zvizadziswe zvakarehwa naShe kubudikidza nemuporofita, achiti,

Tarira, mhandara ichava nemimba, ichazvara mwanakomana, uye vachatumidza zita raKe Emanueri, . . . richidudzirwa, Mwari vanesu.

144 Saka *John naMary* vaive vanaani vakararama vachifara kubva panguva iyoyo zvichienda mberi? Ndiani Uyo akati, “Naizvozvo endai, mudzidzise marudzi ose, muchivabhabhatidza muzita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene”? Ndiyani aiva Baba? Zita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene? [Mumwe munhu anoti, “Jesu.”—Mupepeti] Zvirokwazvo, raive iRo. Chokwadi, hapana kupikisana nazvo. Kwete nepaduku pose. Zvinongotwasanudza Gwaro. Akanga ari Baba, Mwanakomana, naMweya Mutsvene. Mwari vakanga vari (Emanueri) vachigara nesu, vachigara mumutumbi unonzi “Jesu.”

145 Zvino, dzidziso yehumwe yechechi yeOneness, zvirokwazvo handibvumirani nazvo, kufunga kuti Jesu mumwe chete sechigunwe chako chimwe. Aifanira kuva nababa. Dai Ainge asina, ko Aizove baba vaKe pachezvaKe sei? Uye kana Baba vaKe vaive munhu sekutaura kunoita vanotenda muHutatu, saka Akaberekwa muhupombwe navanababa vaviri. Saka, munoona, mese makarasika nekukakavara. Maona?

146 Asi Chokwadi chazvo ndechokuti, kuti vose Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, Munhu mumwe chete. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] . . . wokugara mutabhenakeri yenyama, kubvisa chivi panyika. Ndizvozvo chaizvo, “Mwari vanesu.” Zvino, nokudaro, apo Mateo 28:19 . . .

147 Zvino, imi nzverai Magwaro, uye kana mukagona kuwana apo munhu mumwe chete muBhaibheri. . . (Zvino fungai nezvazvo, zvino musarege izvi zvichipfuura napamusoro peny.) . . . apo munhu mumwe chete muBhaibheri akambobhabhatidzwa muzita ra “Baba,” ne “Mwanakomana,” ne “Mweya Mutsvene,” dzoka kwandiri wondiudza kuti ndiri munyengeri, uye ndichaisa chiratidzo kumusana kwangu ndofamba nemuguta. Hazvimo muMagwaro, kubva kuna Genesi kusvika kuna Zvakazarurwa. Asi munhu wese ari muBhaibheri akabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu!

148 Unoti, “Imbomira zvishoma, muparidzi. Ko Johane? Haana kubhabhatidza mune chero zita zvaro zvachose!”

¹⁴⁹ Zvakana, tinoona zvakaitika; ngativhurei kuna—kuna ma—Mabasa, chitsauko 19. Ndipo patinowana vadzidzi vaJohane. Munhu wese akabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, zvichienda mberi nazvino kusvikira tawana boka iri neche pano apa. Mabasa, chitsauko 19. Zvino ngatitangei kuverenga zvino, zvino tinowana vadzidzi vaJohane:

Zvino zvakaitika kuti, . . . apo *Aporo* (akanga ari gweta, rakatendeuka) akanga ari *paKorinde*, *Pauro akati* apfuura *nemativi enyika okumusoro* kwe. . . *Efeso*: ndokuwana *vamwe vadzidzi*, (vaiva vateveri vaJesu)

¹⁵⁰ Kana wangocherechedza chitsauko chekumashure tisati tasvika ipapo, vakanga vaine nguva huru kwazvo kusvikira vaidanidzira nokufara. Vangani vanoziva kuti ichokwadi? Zvino Akwira naPrisira vakanga vachienda kumusangano. Zvino Pauro naSirasi vakarohwa nekukuvadzwa, ndokuiswa mutirongo. Ndizvo here? Zvino vakauya kuno kwacho, vakawana Akwira naPrisira. Zvino vakanga vaine rumutsiriro kumusoro ikoko nomuparidzi weBaptisti, ainzi Aporo, uyo airatidza neMagwaro kuti “Jesu aive Kristu.” Zvino Pauro ndokumuwana:

. . . *Pauro akati* apfuura *nemativi enyika okumusoro* kwe. . . *Efeso*: . . . ndokuwana *vamwe vadzidzi*,

Akati kwavari, Imi *makagamuchira Mweya Mutsvene* here *kubvira pamakatenda*? . . .

¹⁵¹ Zvino, iwe shamwari inodikanwa muBaptisti, kana izvozvo zvikasabvisa zvi—zvitsigiso pasi pedzidziso *yako* yebhaibheri, pawakati “wakagamuchira Mweya Mutsvene *pawakatenda*.”

¹⁵² Asi Pauro aida kubvunza maBaptisti aya, “Makagamuchira Mweya Mutsvene here *kubva* pamakatenda?” Zvino tarisai zvavakataura:

. . . Zvino *vakati kwaari*, Tinoziva . . . kana kutombori ne*Mweya Mutsvene*.

Zvino *akati* kwavari, Mune rwaani. . . (zvino, kana uchida kutora duramazwi rechiGiriki pano, rinokuratidza, “Makabhabhatidzwa mune zvipi?”) . . . Mune rwaani. . . *makabhabhatidzwa* sei? Zvino *vakati kwaari*, Pasi paJohane kumashure kuno. Johane akatibhabhatidza.

¹⁵³ Zvino ndinoda kubvunza: Dai wakava nerubhabhatidzo irworwo, waizogutsikana narwo here? Murume mumwe chete akafamba naJesu achipinda murwizi, akabhabhatidza Jesu Kristu, murume mumwe chete iyeye akanga abhabhatidza vanhu ava. Irworwo rubhabhatidzo rwakaisvonaka kwazvo: kwete kusasa, kwete kudurura, asi kunyudzwa muJorodhani

yekare ine madhaka panzvimbo imwe chete yakabhabhatidzwa Jesu. Pafungei ipapo.

154 Pauro akati, “Makagamuchira Mweya Mutsvene here kubva pamakatenda?” Ivo... iye...

Vakati, “Tinoziva... kana kutombori neMweya Mutsvene.”

Akati, “Makabhabhatidzwa sei?”

Vakati, “Takabhabhatidzwa.”

“Makabhabhatidzwa sei?”

“Nerwa Johane!”

155 Zvino tarisai zvakataurwa naPauro. Tarisa pano:

Zvino *akati* kwavari,... makabhabha-... Nerwa *Johane*... Uye ivo...

Zvino *Pauro akati, Johane* zvirokwazvo *akabhabhatidza*... rubhabha-... rwekutendeuka, achiti kune... *vanhu*, ... vanofanira kutenda *kuna iye unozouya shure kwake*, kureva kuti, pana Jesu Kristu.

156 Munoono, Johane aibhabhatidza bedzi *kusvika* pakutendeuka, asi rubhabhatidzo rwemumvura muZita raJesu nderwe kuregererwa kwezvivi. Yananiso yakanga isati yaitwa ipapo, zvivi zvaisagona kuregererwa. Zvino... Kwaingove kupindura kwehana, sepasi pemurairo. Ruka 16:16, yakati, “Murairo ne vaporofita zvaivapo kusvikira pana Johane, kubvira ipapo Humambo hwakaparidzwa.” Zvino tarisai. Uye... Tarisai.

Zvino Pauro *akati* kwa-...(zvino tarisai)... *Makagamuchira here*...

157 Ndima 5—5:

Zvino *vakati vazvinzwa izvozvo, vakabhabhatidzwa* (zvakare) *muzita ra*... Jesu Kristu.

158 Ndizvo here? Zvino vanhu ava, vanhu vari muna Mabasa 2, vakabhabhatidzwa muZita raJesu. MaJudha akabhabhatidzwa muZita raJesu. Marudzi akabhabhatidzwa muzita raJesu. Uye munhu wese muBhaibheri rose akabhabhatidzwa muZita raJesu.

159 Zvino tsvakai nzvimbo imwe apo chero mumwe akambobhabhatidzwa neimwe hayo nzira, uye ndichadzokera chaiko kuno ndokuratidzai apo chechi yeKatorike inozvibvuma, uye yoti munopfugamira kwazviri. Ndokuti, “Panogona kunge paine maProtestanti akaponeswa nekuti vane dzimwe dzidziso shoma dzechiKatorike, sekubhabhatidza muzita ra ‘Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene’; kuti chechi tsvene yeKatorike ine kodzero yekushandura chirongwa ichocho kubva muZita raJesu, kuva ‘Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene,’ uye chechi yechiProtestanti inozvibvuma.” Ino haidaro, ndinogara neBhaibheri. Ndinotenda Bhaibheri.

160 Unoti, “Hama Branham, munoraira vanhu kuti vabhabhatidzwezve here?” Zvamazvirokwazvo! Pauro akazviita, pano.

161 Zvino tarisai, ngatitorei VaGaratia 1:8, tigoona zvakataurwa naPauro:

...kunyange isu, kana mutumwa unobva kudenga, akakuparidzirai imwe evhangeri...ngaave wakatukwa.

162 Hezvoka izvo, “Kana isu kana ngirozi.” Uye Pauro, murume mumwe chete, akaraira vanhu kuti vabhabhatidzwe zvakare vakange vaine rubhabhatidzo rwuri nani kwazvo pane rwawakava narwo, hama yangu; nokuti Johane Mubhabhatidzi akanga ari hama yaJesu pachaKe, mukoma wekwaamaiguru; achibhabhatidza hama yake chaiyo murwizi rweJorodhani, ndokutendeuka ndokubhabhatidza vadzidzi vaJohane. Zvino Jesu akati, “Izvozvo hazvishande!” kana kuti Pauro akaZvitura, uye akavaraira kuti vabhabhatidzwe zvakare muZita raJesu Kristu vasati vakwanisa kugamuchira Mweya Mutsvene; mushure mokunge vambenge vachidanidzira uye vachirumbidza Mwari nekuva nenguva huru, vachiva nerumutsiriro rwukuru—rwukuru, uye nokuratidza neBhaibheri (nedzidzo yavo yebhaibheri) kuti Jesu akanga ari Kristu. Vangani vanoziva kuti ndiro Gwaro racho? Chitsauko 18. Zvirokwazvo ndiro. Hezvoka izvo. Saka hapana mubvunzo kwaZviri.

163 Zvino regai ndikupei pfungwa diki yakakosha. Zvino, haana kumbobvira abuda muhurongwa, asi muna Ruka...Mateo, chitsauko 16. Jesu, pavakaburuka mugomo, Anoti, “Vanhu vanoti Ini Mwanakomana wemunhu ndini ani?”

164 “Vamwe vanoti ndiMi ‘Eria,’ uye vamwe vanoti Muri ‘vaporofita,’ uye vamwe vanoti Muri ‘uyu, uyo.’”

165 Akati, “Asi munoti Ani?”

166 Petro akati, “Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu.”

167 Tarisai! “Wakaropafadzwa iwe, Simoni Bar-Jona (mwanakomana waJonasi), nyama neropa hazvina kuzarura Izvi kwauri.” Amen!

168 Maona, Zvinofanira kuuya nechizaruro chomweya. Nyama neropa hazvina kumboudza Abheri kuti akanga akanganisa (Kaini, kuti akanga akanganisa), hazvina kumboudza Abheri kuti “Kaini akanga akanganisa.” Asi Chaive chizaruro chaive naAbheri, “Rakanga riri ropa!” Tiri kuuya mumubvunzo iwoyo mumaminiti mashoma. Rakanga riri ropa, kwete michero, yakatibvisa mubindu reEdheni. “Rakanga riri ropa,” uye Abheri, nechizaruro chomweya, akazarurirwa naMwari kuti rakanga riri ropa, uye iye, “Nokutenda,” VaHebheru 11:1 inoti, “akapa kuna

Mwari chibairo chakanakisisa kupfuura Kaini. Icho, Mwari vakagamuchira chibayiro chake.” Hezvoka izvo. Munoono, akachipirisa nokutenda, nechizaruro.

¹⁶⁹ Zvino tarisai, “Nyama neropa hazvina kuzarura izvi kwauri,” (kusvika chaiko kuna Ishe Jesu) “asi Baba vaNgu vari Kudenga vazarura iZvi kwauri. Uye pamusoro pedombo iri (chizaruro chaJesu Kristu)...Pamusoro pedombo iri Ndichavaka Chechi yaNgu, uye masuwo egehena haakwanise kuIkunda.” Ndizvo zvaAkataura. Chemweya chiza-... “Uye Ndinoti ndiwe Petro, zvino Ndichakupa makiyi eHumambo. Uye chero... Nekuti une gwara repamweya rakavhurika pakati pano neKudenga. Nyama neropa: hauna kumbobvira wapinda museminari, hauna kumbobvira wapinda chikoro, hauna kumbobvira watora ko—ko—kosi yedzidzo yebhaibheri. Asi wakamirira pana Mwari, uye Mwari vaZvizarura kwauri, uye zvamazvirokwazvo ndiwo Magwaro akajeka anoZvibanidza pamwe chete. Ndinoti ndiwe Petro, ndizvozvo, uye Ndichapa kwauri makiyi; uye chaunosunga panyika, Ndichachisunga Kudenga; chaunosunungura panyika, Ndichachisunungura Kudenga.”

¹⁷⁰ Zvino Petro ndiye aive mutauri paZuva rePentekosti, apo vese pavaitya kutaura, akataura ndokuti, “Imi varume veJudheya nemi munogara muJerusarema, ngazvizivikanwe kwamuri uye teererai kuMashoko angu. Ava havana kudhakwa sekufunga kwenyu, muchiona kuti iawa yechitatu yezuva, asi izvi ndizvo zviya zvakataurwa namuporofita Joere. ‘Zvichaitika kuti mumazuva okupedzisira,’ Mwari vakataura, ‘Ndichadurura Mweya waNgu pamusoro penyama yose. Vanakomana navanasikana venyu vachaporofita. Uye napamusoro pomurandakadzi waNgu, mushandikadzi, Ndichadurura Mweya waNgu. Uye Ndicharatidza zviratidzo kumatenga kumusoro uye nezasi munyika, neshongwe dzoutsi nemhute. Zvichaitika Zuva guru uye rinotyisa raJehovha risati rasvika, kuti ani naani achadana paZita raShe achaponeswa.’” Hezvoka izvo. Oo, ini zvangu.

¹⁷¹ “Regai nditaure kwamuri ndakasununguka nezvatateguru Dhavhidhi,” akati, “akafa zvose nekuvigwa, uye guva rake riri pakati pedu kusvikira nhasi uno. Naizvozvo, ari muporofita, akaona... akafanoMuona ari kuruoko rwaVo rworudyi, ‘Uye handisi kuzozungunutswa. Uyezve nyama yaNgu ichazorora mutariro nokuti haAngasiyi mweya waNgu mugehena, kana kutendera Uyo Mutsvene weNyū kuti aone kuora.’”

¹⁷² “Zvino Dhavhidhi zvose akafa,” akadaro, “nekuvigwa, uye guva rake riri pakati pedu nhasi. Asi ari muporofita, akafanoona kuuya kwaiYe Akarurama, Uyo Mwari vakamuita zvose Ishe naKristu.” Oo, ini zvangu. Hayo Magwaro enyu. Hecho chinhu chacho. Ndizvozvo.

¹⁷³ Zvino tinoona pano, zvino, kuti nzira chaiyo, uye nzira yemazvirokwazvo, uye nzira yoga yakambogadzwa... Zvino Petro aive nemakiyi, uye pazuva raakaparidza, vakati... Zvino tarisai, heino Chechi yekutanga. Imi Makatorike teererai kune Izvi. Imi maCampbellites teererai kune Izvi. Imi maBaptisti nemaMethodisti teererai kune Izvi. Uye nemi maPentekosti teererai kune Izvi. Church of God, maNazarene, Pilgrim Holiness, teererai kune Izvi.

¹⁷⁴ Petro akanga ane makiyi, zvino akanga aine simba, kana kuti Jesu akareva nhema. Uye hazvibviri kuti Areve nhema, “zvinhu zviviri zvisingashanduki, hazvibviri kuti Mwari vareve nhema.” Akanga aine makiyi. Jesu akamupa makiyi. PaAkamuka ne—nezuva retatu saizvozvo, Aive nemakiyi erufu uye, gehena, asi kwete makiyi ekuHumambo. Petro aive nawo! Ndizvozvo chaizvo.

¹⁷⁵ Uye zvino tarisai, Petro, une makiyi akaremba padivi pako, uye uri kuparidza. Mubvunzo unouya, vava vatendeuka vekutanga vechechi itsva. Chechi yekutanga yeChikristu. Zvino Katorike, zvino Baptisti, Methodisti, Presbyteriani, muri padzidziso Itsva yeChechi here? Onai kana muri.

... Varume nehama, chii chatingaita?

... *Petro* akasimuka akati... *Tendeukai*, ... *mumwe nomumwe wenyu*... (tarisa, mukomana; maisiro aunoita makiyi ayo apa, Kristu achaisa Kudenga) ... *Tendeukai*, mumwe nemumwe wenyu, uye mubhabhatidzwe muzita raJesu Kristu... (ndiwo mapindiro aunoita Umu) ... *kuti mukanganwirwe zvivi* zvenyu, zvino muchagamuchira chipo *cheMweya Mutsvene*.

¹⁷⁶ Makiyi akarira “ketye” pano, uye akarira “ketye” Uko. Ndicho chikonzero vadzidzi vaJohane vakatozouya kuzobhabhatidzwa, zvakare, muZita raJesu Kristu (vasati vagona kupinda Kudenga), vowana Mweya Mutsvene. Akachengeta Shoko raKe. Saka hazvikuvhiringe zvino, zvinodaro here? Maona? Zvirokwazvo, Mateo 28:19 aive madunhurirwa, kwete Zita.

¹⁷⁷ Zvakanaka, tine imwe nguva yakawanda zvakanaka? Tinogona here kuwana mamwe maminiti gumi nemashanu ekupindura mimwe mibvunzo mishoma nekukurumidza chaiko? Tinogona here? Zvakanaka, tichakurumidza chaizvo. Ndine miviri zasi kuno kuzasi, andanga ndichida kutora nokukurumidza, ndoibatanidza pamwe neizvi, kana ndikakwanisa. Zvino ndinogona kutora mimwe yacho yose Svondo mangwanani.

57. Kaini aiva mwana wenyoka here? (Uyu wakanaka.) Kana zvakanaka, sei Evha asina kubata pamuviri kutozovikira mushure mekunge Adhama amuziva?

Zvimwe chete . . . Mubvunzo unotevera wakafanana:

**58. Waiva mu—muti chaiwo here wakadyiwa muchero naEvha?
Akaona kuti wakanga wakanaka kuti udyiwe.**

¹⁷⁸ Zvakanaka, hama, hanzvadzi, chero angava ani, ngatidzokerei muna Genesi tigoona chimwe chinhu pano. Ngatiendei kuna Genesi 3:8, kana muchida. Zvakanaka, uye nyatsoteererai zvino.

¹⁷⁹ Zvino ndichauza nyaya yacho. Zvose zvainge zvachena uye zviri zvitsvene, pakanga pasina chivi kana kusvibiswa. Zvino ndichawana . . . wako . . . mubvunzo uyu wekutanga kutanga. Muti muhupenyu . . . pakati pebindu, pakati pomuti. *Muti* waiva “mukadzi.” Zvino ndichazviratidza kwamuri neMagwaro kana mukangotsungirira maminiti mashoma.

¹⁸⁰ Tichaona kutanga kana akanga ari . . . kuti akabata pamuviri here asati aziva Adhama kana kuti kwete, kana kuti asati . . . Teererai:

Zvino vakanzwa inzwi raJEHOVHA Mwari vachifamba mubindu, mukutonhorera kwezuya: zvino Adhama nomukadzi wake ndokunovanda pamberi paJEHOVHA Mwari pakati pemiti yomubindu.

Zvino JEHOVHA . . . akadana kuna Adhama, uye akati . . . Uripiko?

Iye akati, ndanzwa inzwi renyu mubindu, uye ndikatya, nekuti ndanga ndisina kusimira; . . . (zvino, akanga asingazivi izvozvo nezuro wacho; chimwe chinhu chakanga chaitika, chimwe chinhu chakamuzarurira kuti akanga asina kusimira) uye ndikabva ndavanda.

Zvino akati, Ndianiko wakuudza kuti wanga usina kusimira? Wadya kanhizve muti here, . . . ?

¹⁸¹ Kudya kubva pamuti kunomuita kuti acherechedze kuti ainge asina kusimira? Sezvandinogara ndichitaura, (iyi haisi nyambo, handizvireve kuva nyambo) “Asi kana kudya maapurosi kwakaita kuti vakadzi vaone kuti havana kusimira, zviri nani titambidze maapurosi zvakare.” Maona? Kwakanga kusiri kusasimira. Wakanga usiri muti, apurosi ravakadya, kwaiva kusangana pabonde. Tarisai:

. . . Wadya kanhizve muti, wandakakuraira kuti urege kudya?

Zvino murume akati, Mukadzi wamakandipa, kuti ave neni, ndiye andipa . . . muti wacho, uye ndikadya.

Zvino JEHOVHA . . . vakati kumukadzi, Chii ichi chawaita? Zvino mukadzi akati, Nyoka yandinyengera, . . . (huh?) . . . Nyoka yandinyengera,

ndikadya. (nguva refu asati abata pamuviri, munoona, naAdhama)

¹⁸² Adhama akamuziva, uye akabata pamuviri akabereka—ndokubereka Abheri.

¹⁸³ Asi ndinoda kukubvunzai, kubva pamaonero chaiwo. Zvino kukuratidzai kuti aive muti, mukadzi wese muti wemuchero. Vangani vanozviziva? Hausi chibereko chamai vako here? Zvirokwazvo, uri. “Uye pakati pemuchero, kana kuti pakati pemuti, muchero waasingabati.”

¹⁸⁴ Kana mukacherechedza, Jesu akange asiri Muti weHupenyu here? HaAna here kuvimbisa muna Mutsvene Mateo, kana, Mutsvene Johane, chitsauko 6, “Ndini Chingwa cheHupenyu chakabva kuna Mwari chichibva Kudenga?”

¹⁸⁵ Kana munhu akadya kubva pamukadzi...Uye tarisai, kuburikidza nekuzvarwa kwe...nemukadzi, tose tinofa; nokuti tiri pasi perufu (ndizvo here?) kubudikidza nekuzvarwa nemudzimai. Kuburikidza nekuzvarwa nemurume, tose tinorarama nekusingaperi. Mukadzi muti werufu, murume muti wehupenyu; nekuti mukadzi haatomborina kana hupenyu maari. Ndizvozvo chaizvo. Chi—chizenga chehupenyu chinobuda mumurume, ndizvo. Chinopinda mumukadzi, uye mukadzi haasi chinhu kunze kwechirindiro; uye mwana haana kubatanidzwa, asi nerukuvhute chete. Hapana kana kadodzi kamwe keropa raamai kari mumwana; akaberekwa muropa rake, asi hapana kana kadodzi kamwe *mumwana*. Enda unotsvaga...kana kuverenga bhuku rachiremba, kana kubvunza chiremba wako, uchaona. Hakapo, kwete, changamire, hapana kana kadodzi kamwe zvako zvachose. Anongova zai, ndizvo zvoga. Uye hupenyu hunobva kumurume.

¹⁸⁶ Iwoyo mufananidzo wakanaka wokuratidza kuti kuburikidza nemukadzi, kuburikidza nekuzvarwa kwepanyama, tese tinofanira kufa, nokuti takafa kubva pakutanga kwacho; uye kuburikidza bedzi neMurume Kristu Jesu tinogona kurarama. Zvino heyo miti miviri iya mubindu reEdheni. Hamukwanisi kuzviona here?

¹⁸⁷ Zvino tarisai! Zvino nezuva iroto kwakanga kuine Kerubhi rakaiswa rakarinda muti uyu. Kuti kana vakangoravira Muti weHupenyu iwoyo, vese vaizorarama nekusingaperi. Vangani vanozviziva izvozvo? Vese vaizorarama nekusingaperi. Uye kekutanga kavaizogona kuuravira...Mutumwa akati, “TichaUrinda.” Vakaisa maKerubhi ipapo aine minondo iya inopfuta kwakananga kumabvazuva kuUchengeta. VakaUdzosera kuMabvazuva, ndokurinda Muti iwoyo neminondo inopfuta kuti vasakwanise kupinda mukati kuti vaUwane (Muti uyu).

188 Zvino Jesu paakauya, Akati, “Ndini Chingwa cheHupenyu, zvokuti munhu akadya Chingwa ichi haangatongofi.” Hoyo Muti wako.

189 Hoyo mudzimai wako, heko kusangana kwako pabonde kunounza rufu. Sechokwadi chekuti kune chido chekusangana pabonde, kune rufu rwunosiiwa nacho. Uye sechokwadi chekuti pane kuberekwa kwepamweya, pane Hupenyu Husingaperi hunosiiwa naHwo. Rufu rwunouya nekuberekwa nemukadzi, uye Hupenyu hunouya nekuberekwa neMurume. Ameni! Hezvoka izvo.

190 Zvino ngatidzokerei kuna Kaini. Mungandiudze here kuti mweya iwoyo nehutsinye ihwohwo zvakabva kupi? Dai Kaini . . . tarisai, dai Kaini aive mwanakomana waAdhama uyo aive mwanakomana waMwari, ko huipi ihwohwo hwakabvepi? Chinhu chekutanga paakazvarwa, aivenga, aive mhondi, aive negodo. Uye zvino tora hunhu hwababa vake, pekutanga-tanga kumavambo, Rusiferi, uye aiva pamavambo . . . aive negodo naMikaeri, izvo zvakatanga dambudziko rose. Vangani vanoZviza izvozvo? Zvino Kaini aive nehunhu hwababa vake, uyo aive negodo nemunin’ina wake ndokumuuraya. Kuchena ikoko . . . hunhu ihwohwo hawaigona kubuda mudzinza rakachena iroro. Zvakauya . . . zvaifanira kubuda mudzinza iri rakatsveyama. Uye cherechedzai Kaini, paakangozvarwa.

191 Uyewo Abheri akaberekwa mushure make, ndokuva nemimba naAdhama, uye akaziva—akamuziva ndokubereka mwanakomana Abheri. Zvino Abheri akanga ari mufananidzo waKristu; zvino Abheri pa—paakauraiwa, Seti akatora nzvimbo yake; rufu, kuvigwa, nerumuko rwaKristu, mumufananidzo.

192 Asi, zvino, Kaini ainamata; mabasa ake ose enyama, sezvakangoita chechi yenyama nhasi: vanoenda kuchechi, vanonamata. Kaini ainamata; akanga asiri uyo asingatendi, akanga asiri mucommunisti. Kaini akanga ari mutendi; akaenda kuna Mwari, akavaka artari. Akaita zvese zvekunamata zvakaitwa naAbheri, asi akange asina chizaruro chepamweya chekuda kwaMwari. Ngariropafadzwe Zita raShe! Hezvoka izvo. Munozviona here? Akanga asina chizaruro chepamweya, uye ndiro dambudziko nechechi nhasi. Zvino Jesu akati Aizovakira Chechi yaKe pachizaruro chepamweya ichocho. MaZvibata here? Oo, ini zvangu, maziso enyu anogona kuvhurika zvino. Munoono, chizaruro chepamweya.

193 Kaini akauya: akavaka artari, akanamata, akauya nechibairo, akapfugama, akarumbidza Mwari, akanamata Mwari, akaita zvese zvekunamata zvakaitwa naAbheri. Zvino Mwari vakamuramba zvachose nokuti akanga asina chizaruro chepamweya!

194 Teverai dzinza rimwe chete iroro raKaini: kudzika zasi kusvika kuareka, kubva muareka kukwidza kupinda muIsraeri,

kubva muIsraeri zvichienda mberi kupinda muna Jesu, uye kubva muna Jesu kuenda mberi kusvikira nhasi uno; uye muone kana chechi iya yenyama, yedzidzo yepamavambo, yakaomarara uye yakatonhora, yakadzidza, ndinoreva varume vane Magwaro, vanoziva dzidziso yose nedzidziso dzebhaibheri, vanogona kuzvitsanangura, vakomana, kungodai, asi vasina chizaruro chemweya! [Hama Branham vakaridza minwe yavo—Mupepeti] Ndizvozvo. Ndiyo dzidziso yaKaini.

¹⁹⁵ Bhaibheri rakati, “Nhamo kwavari! nokuti vakaenda nedzidziso yaKaini, vakamhanyira mukukanganisa kwaBharamu, uye vakaparara mukukakavara kwaKora.” Bhuku rimwe chete, Judhasi, akati, “Vakatemerwa kutongwa uku.” Zvirokwazvo, ndizvo zvavari. Maona? Bharami aiva chii? Akanga ari mubhishopi. Akanga ari pamusoro pechechi yose. Akauya kumusoro ikoko aine dzidzo yepamavambo sekukwanisa kwake. Akapa...Mutarisei akamira kumusoro ikoko pane vane mukurumbira, akamira kumusoro ikoko mune vakakurumbira wavo vakuru. Uye vakanga vasiri vanhu vasingatendi, vaiva vatendi.

¹⁹⁶ Rudzi irworwo—irworwo rweMoabhi rwakabuda kubva pamwanasikana waRoti. Roti akararama...mwanasikana waRoti uyo akararama nababa vake, zvino akabata pamuviri ndokubereka mwana, uye mwana iyeye aiva...kwakabva rudzi rweMoabhi. Zvino vaive sangano guru. Vanhu vakuru, vanoyemurika, uye vaive nemachinda nemadzimambo nevakakurumbira. Vaiva nemabhishopi nemakadhinari nezvose.

¹⁹⁷ Zvino hepano ndokuuya boka revaumburuki vatsvene, rimwe boka, Israeri; boka duku rekare rakanga risiri sangano, raisanganisira masangano ose. Zvino vakaita zvose zvakanga zviri pamepu kuti zviitwe, zvakaipawo zvakare. Asi zvazvaive, uye nechizaruro chepamweya, uye Mwari vaive navo muShongwe yeMoto.

¹⁹⁸ Oo, ndi—ndinoziva kuti vaive nezvinhu zvenyama, uye vanhu vakati, “Boka rakadaro rezvimarara sairoro, hapana chekuita kunze kwekuvadzingira kunze.” Asi vaive nechizaruro chepamweya, uye vaive neDombo rakarohwa, vaive nenyoka yendarira, vaiva neShongwe yeMoto yaifamba navo. Hareruya! Ndinoziva mu—munofunga kuti ndiri kunzwa manyawi, asi handisi. Ndiri kungonzwa zvakanaka.

¹⁹⁹ Cherechedzai! Pandinofunga, “Mwari vamwe chete ivavo, nhasi, vanogara nesu.” Chichiri chizaruro chepamweya cheShoko. Zvirokwazvo, ndicho. Ndichocho Nokusingaperi. Ngarirropafadzwe Zita raShe! Hongu, changamire.

²⁰⁰ Heunoi akasimuka kumusoro uko, wedzidziso yepamavambo; iro boka remaBaptisti nemaPresbyteriani vakamira pamusoro pechikomo, uye ndokutora bhishopi wavo kunze ikoko. Uye vaingova vachinamata, uye nemhando imwe

chete yechinamato, vachinamata Mwari mumwe chete. Vakati, “Tarisai zasi uko kuboka iro remarara. Nhai, havana kana sangano. Havasi chinhu kunze kweboka revaumburuki vatsvene, vanobvunda, vano-zhambatata.”

²⁰¹ Ndizvo here? Chaizvoizvo, vakanga vari. Kana musingatendi kuti vaive vaumburuki vatsvene, dzokerai muna Genesi muone pavakayambuka. Zvino chishamiso chakaitwa, uye Miriamu akatora tamborini, akadzika nemahombekombe achiiridza; achitamba muMweya, uye Mosesi akaimba muMweya. Kana risiriro boka revataiti vakasununguka . . . vaumburuki vatsvene, handizivi kuti chii; vachiimba nokusvetuka nokurumbidza. Uye nguva dzose mariuzi aivavenga, asi Mwari vakanga vainavo. Vaiva nechizaruro chepamweya, vaitevera Shongwe yeMoto iya.

²⁰² Zvino Moabhi yakati, “Zvino, tarisai pano. Tichadaidza makadhinari ese nemabhishopi ese, nevakuru vematunhu vose, uye tovaunza kunze kuno. Tichaita chimwe chinhu pamusoro pazvo, nokuti tiri nyika inonamata. Hatizoregi nhema idzi dzichisanganiswa musangano redu rakanaka.”

²⁰³ Saka vakavaunza kunze ikoko. Zvino vakavaka maartari gumi nemaviri; ndiwo chaiwo aiva neIsraeri, maartari gumi nemaviri. Vakaisa pamusoro payo zvibayiro gumi nezviviri, nzombe; chaizvoizvo zvaive neIsraeri, zvaidiwa naMwari. Vakaisa makwai gumi namaviri pairi, zvichimiririra kuuya kwaIshe Jesu Kristu; makwai gumi nemaviri munzvimbo dzose mbiri.

²⁰⁴ Vese vane mukurumbira, mabhishopi navose, vakamira vakapoterredza. Vakabatidza chibayiro. Vakanyengetera, vakasimudza maoko avo kuna Jehovha ndokuti, “Jhovha, tinzweiiwo!” Vaiedza kuitei? Zvino Bharamu wavo wakare akaenda saizvozvo, Zvino Mweya wakaburukira pamusoro pake. Chokwadi (asi akanga ari wenyama).

²⁰⁵ Mweya unogona kuwira pamusoro pemunyengeri, Bhaibheri rakadaro. Makandinzwa ndichizvidzidzisa izvozvo, zvino. “Mvura inonaya pamusoro pevakarurama nevasina kururama.” Asi zvinofanira kuenderana neShoko, ndipo paunozviwana.

²⁰⁶ Zvino paakadaro, uye . . . apo Mweya, kunyange zvakadaro, waive pamusoro pake wakataura Chokwadi, akaedza kutuka Israeri, zvino akaropafadza Israeri.

²⁰⁷ Zvino, kana Mwari vachingoremekedza chechi yakanaka, nemubhishopi akanaka, nemufundisi anoshamisa, boka revanhu vakadzidza, Vakanga vakasungirwa kugamuchira chibairo ichocho, nokuti pane zvinotarisirwa akanga akangofanana neIsraeri; asi akanga asina chizaruro chepamweya cheShoko pamwe nekuda kwaMwari. Hezvoka izvo, ndiwo mutsauko nhasi.

²⁰⁸ Tarisai pana Jesu. Vakati, “Kure nemuchinda iyeye. Tinoziva kuti muSamaria. Anopenga. Ungatidzidzisa here isu? Handiti,

wakazvarirwa muhupombwe. Wakanga usiri chimwe chinhu kunze kwemwana weupombwe wekuuya naye. Baba vako ndiani? Unoti Mwari ndivo baba vako, iwe nyakumhura! Sei, unoreva kutiudza? Takanga tiri vaparidzi, takanga tiri mubhishopi; kubudikidza navanababa-vanababa-vanababa-vanababa-vanababa-vanababa-vemadzisekuru edu vaiva vaparidzi namubhishopi. Takazvarwa uye tikakurira muchechi. Takapfuura nemumaseminari epamusoro-soro. Tinoziva Shoko rose kusvika kwekupedzisira. Zvino iwe unoedza kutidzidzisa? Wakamboenda kuchikoro kupi? Wakawana kupi kudzidza uku?”

²⁰⁹ Akati, “Imi muri wa... baba venyu dhinyabhore,” akadaro Jesu.

²¹⁰ Vakanga vasina zviratidzo nezvishamiso pakati pavo. Vakanga vasina kupodza kwaMwari nezvinhu pakati pavo. Vakanga vasina maropafadzo pakati pavo. Asi Jesu aiva zvamazvirokwazvo chizaruro chepamweya cheMagwaro.

²¹¹ Vakati, “Handiti, zvakanorwa *kuti-nekuti*.”

²¹² Jesu akati, “Hongu, uye zvakanorwawo zvakare.” Asi Mwari vakasimbisa munhu waVo nezviratidzo zvake.

²¹³ Petro akataura zvimwe chete, pana Mabasa 2, akati, “Imi varume vaIsraeri; Jesu weNazareta, Murume akapupurirwa naMwari pakati penyu, nezviratidzo nezvishamiso Mwari zvavakaita naYe pakati, izvo zvamunoziva imi mose.” (hezvoka izvo) “Iye akaendeswa ne... nekufano... neDare guru reSanihedhirini kumusoro uko. Asi nokufanoziva kwaMwari, Mwari vakafanoMutemera kufa nerufu urwu. MakaMuendesa nemaoko ane utsinye uye akaipa. Makarovera Muchinda weHupenyu, Uyo akamutswa naMwari. Uye tiri zvapupu zvacho.”

²¹⁴ Fiyuu, muparidzi wakadini! Haana... aisagona kana nekusaina zita rake, asi aiziva Mwari. Vakati ivo “vakamucherechedza kuti akambenge aina Jesu.” Zvirokwazvo, chizaruro chepamweya. Oo, ini zvangu. Zvino, hezvoka izvo.

²¹⁵ Kaini aingova mumutsara iwoyo, chechi iyoyo yenyama iri mumutsara mumwe chete nhasi. Chechi yeMweya ichine Shongwe yeMoto, ichine zviratidzo, zvishamiso, ichina Kristu mumwe chete; anosimbisa nzira yose kubva pagwayana riri kufa, mubindu reEdheni, kusvikira paKuuya kwechipiri kweGwayana. Zvirokwazvo, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

²¹⁶ Uye dzinza iroto raKaini, rinonamata uye rakakwenenzverwa nekuva nedzidzo, zvichinyatsodzika zvimwe chete; zvingori zvimwe chetezvo, zuva nezuva zvingori zvimwe chete. Vatsoropodzi nevatambudzi, saKaini akange ari kuna Abheri, ndizvo zvavari nhasi, uye vakange vari uye vachagara vakadaro; venyama, vasingatendi. Ndizvozvo chaizvo.

217 Zvino Genesi 3:8, uyewo zvakare ndaisa 20 pano, yandanga ndakatarisa nguva yapfuura:

Zvino Adhama *akatumidza*...Zvino Adhama *akatumidza* mukadzi *wake*...*Evha; nokuti ndiye amai vavapenyu vose.* (maona, ndeapo mushure kunge kunyengerwa uku kwatoitika)

218 Kaini aiva...“Zvino chimbomirai!” Unoti, “Ko nenzira ipi nyoka, nyoka?”

219 Asi, hama, tarisa pano, Bhaibheri haritauri kuti aive nyoka; Bhaibheri rakati, “Yakanga iri mhuka ine mano kupfuura mhuka dzose dzesango.” Yakanga isiri chipuka chinokambaira, yaiva mhuka. Yaive...Zvino ipapo... .

220 Uye regai ndingokupei ichi sechiratidzo chidiki pakati pedu, kana muchida. Ndipo apo sainzi yakavhiringika. Chinhu chiri pedyosa nemunhu chavanogona kuwana, chimupanzi. Vangani vanozviziva izvozvo? Asi pane chimwe chinhu pakati ipapo. Havagoni kuita kuti mapfupa echimupanzi kuti asangane nemapfupa emunhu, asi ndicho chinhu chiri pedyosa. Vanogona kumuunza kubva kuburuuru. Vanogona kumuunza kubva kuzunguzurwa. Vanogona kumuunza zvichienda kumusoro kusvika kumhuka nemhuka yega-yega. Vanogona kumuunza kusvika pane chitsere. Ukatora chitsere wobvisa ganda pachiri, chakangofanana nemukadzi mudiki. Zvimwe chete. Mudzosere nezvose, wozvimisa ipapo, woenda wonodhonza mudzimai se...womisa mukadzi saizvozvo. Zvakangofanana ne—ne—nechitsere. Tsoka inobuda zvakafanana, uye ruoko rwunobuda sezvizvi, sezvakangoita munhu. Asi chimupanzi chinowedera pedyo kupfuura izvozvo. Chakatoda kunge, asi havakwanise kuchiwana.

221 Hechino chakavanzika chidiki, kana uchida kuchiziva. Unoziva here pachiri? Zvakavanzwa kwavari. Vanogona kuchera mapfupa ose avanoda. Vanogona kuchera...Vavezi vanogona kuchera, uye nesainzi, uye nya—uye nyanzvi dzezvenguva dzinogona kuyera kureba kwenguva nezvinyereso zveamatomu, asi havafe vakazvibata. Nokuti ndiyo yaiva nyoka yakanga yakanyanya kufanana nomunhu kupfuura zvinhu zvose zvaiva panyika, zvino Mwari vakaituka ndokuiisa padumbu rayo, uye yakabva yashanduka kuita nyoka isina mufananidzo wemunhu. Zvino chingokwenya musoro wako, ivo vezvesainzi, uye rega vatore izvozvo kwechinguva.

222 Asi Bhaibheri rinotaura kuti, “Yakanga iri mhuka ine mano kupfuura mhuka dzose dzesango.” Ndizvozvo chaizvo. Yakanga iri iyo chibatanidzo chiya chinomira pakati pemunhu netsoko, zvino Mwari vakaituka ndokuidzoserazve padumbu rayo nokuda kwe—kwechinhu chayakanga yaita. Yakanyengera mukadzi uyu, uye akabereka mwanakomana wake wekutanga

aiva Kaini, aienderana nehunhu hwekufemera kwenyoka pachayo, dhiyabhore, akapinda munyoka, akaita izvozvo.

²²³ Uye zvararo akava nemimba akabereka, akabatazve pamuviri mushure mekunge anyengerwa. Zvino tarisai, akanyengera, akanga otoda...Saka, akaita zvisizvo. Asi iye, chaizvoizvo, akanga ari pamutemo paakava nemimba nomurume wake, nokuti izvozvo zvinogona kunge kakava kakawanda, kwazvo mushure mazvo, mwedzi yakawanda nemazuva mazhinji mushure mazvo; haukwandise kuzviziva izvozvo, hatizive, asi akabereka naAdhama.

²²⁴ Uye mumwe munhu anga achitova nemubvunzo wacho, achiti, “Saka, mwanakomana...akati mukadzi ari kuzo... SaKaini paakaberekwa, akati ‘ndawana mwanakomana abva kunaShe.’” Zvirokwazvo, chaizvoizvo, zvaifanira kudaro. Waiva murairo wemasikirwe. Ndizvo chaizvo zvauri nhasi. Kana wazvarwa, Mwari havambodziki kuti vakugadzire. Uri chibereko chababa naamai vako. Uye uchava...kuchava... vana vako vachava zvibereko zvako. Kuberekana nguva dzose, zvichienda zvichidzika, semiti yembeu nezvimwe zvakadaro; asi zvichidzokera kune zvepamavambo. Ndinovimba kuti zvinozvitsanangura.

²²⁵ Tine nguva yakawanda zvakadii? Hatichisina imwe. Teerera! kune uyu wakanaka unotevera...watiri kuwana Svondo: “NeMweya mumwe chete tose tinobhabhatidzwa muMutumbi mumwe chete...” (Tinoda kuziva izvozvo.) “...Kristu.” Panguva iyo...Zvino, ndinofunga ndinowana mamwe Magwaro, Magwaro akanaka pane izvozvo [Hama Branham vanopindura izvi muChikamu II, mubvunzo 60–Mupepeti].

²²⁶ Heunoi uyu wakanaka, sezvakangoita...Mungandibvumira here imwezve miniti kana maviri, kuti ndipindure uyu? Unogona kuzvipindurira pachawo.

59. Apo—apo pamunoti “vakaipa havagoni kutsva Nokusingaperi,”... (Saka, zvino ndaisa muJehovah Witness pakumhanya, handina here?) ...**Apo pamunoti vakaipa havazotsva Nokusingaperi, munoreva mugehena here kana mudziva remoto? Ndinoziva kuti zvinonzi muna Zvakazarurwa (ndicho chitsauko 20) kuti gehena richakandwa mudziva remoto. Kana vakasatsva Nokusingaperi, zvino chii chinoitika kwavari?**

²²⁷ Sezvandangopedza kutaura, hama kana hanzvadzi, chero angava ani; vanotsakatika, vanenge vasisipo. Vakanga vaine mavambo, uye ipapo ndipo pavanoperera; havachisiri chinhu zvachose. Zvichaita sei...vachatsva kusvika rinhi, izvozvo zvakaoma kutaura. Asi, tarirai, apo...

²²⁸ Kana ukangokwanisa kuisa izvi mupfungwa dzako, munooni, zviri nyore kwazvo. Kunongova nemhando imwe

chete yeHupenyu Husingaperi, uye hunouya kubudikidza naMwari pachaVo. Uye Mwari voga ndivo Hupenyu Husingaperi. Kana ukangosvika pano muduramazwi, tsvaga shoko rechiGiriki rokuti *Zoe*. *Zoe* ndiwo “Hupenyu Husingaperi.” *Hupenyu Husingaperi* ndi “Mwari.” Zvino Jesu akati, “Ndinovapa Hupenyu Husingaperi.” Uye kana ukatarisa pano muduramazwi, rakati, “*Zoe*.” Ndiwo bedzi Hupenyu Husingaperi huripo. Hakuna nzvimbo muBhaibheri paRinombotaura kuti kuchava negehena Rekusingaperi, rakati vachatsva “narinhi-narinhi.”

²²⁹ Zvino, kuti uwane shoko *narinhi*, tarisai, *aeon*. Macherechedza here *pano*, muBhaibheri? Vangani vakambonzwa zvichitaurwa, “Uye nema~~aeon~~ nema~~ae~~...”? Vangani vanoziva kuti *aeon* “chikamu chenguva”? Handiti, chokwadi, chero munhu anoziva kuti *aeon* “chikamu chenguva.”

²³⁰ “Zvino vachatsva kwenguva dzisingaverengeki,” ndizvo zvikamu zvenguva. “Kukandirwa mudziva remoto, uye votsva kwenguva dzisingaverengeki.” *Maeon* zvinoreva “zvikamu zvenguva.” Vanogona kutsva kwemakore mamiriyoni mazana vachirangwa asi, pakupedzisira, vanofanira ksvika kumagumo; kutsakatika, zvachose. Munoono, nokuti chinhu chose chisina kukwana ndeicho chakatsveyamiswa kubva pane Chakakwana; uye chakanga chiine mavambo, saka chinofanira kuva nemagumo.

²³¹ Asi isu tinotenda muna Ishe Jesu Kristu tine *Zoe*, “Hupenyu hwaMwari Vomene” matiri, uye tine Hupenyu Husingaperi. Kwete kuva nehupenyu narinhi-narinhi, mutadzi ane hupenyu hunopera, asi isu tine “Hupenyu Husingaperi.”

²³² Hama Cox, kasiri kare, vakanga vakagara munzira yangu yepamba tisati taisa...mushure mekunge tava nematombo ipapo, zvino vakanhonga chipuka chidiki, chekare-kare, zvino vakati, “Hama Branham, chine makore mangani?”

²³³ “Oo,” ndakati, “maererano nenguva, munogona kuti chine makore zviuru gumi. Imwe mhando yechipuka chiduku, chekare-kare chemugungwa chakamborarama pane imwe nguva, kamhuka kaduku kemugungwa, kanogona kunge kakararama kare-kare mumazera akapfuura.”

²³⁴ Vakati, “Chimbofungai kuti hupenyu hwomunhu hupfupi sei kuhupenyu *ihwohwo*.”

²³⁵ Ndikati, “Oo, asi, hama, chinhu ichocho chine magumo, asi Hupenyu hwatinahwo muna Kristu hauna magumo. Chinogona kurarama *narinhi* yakapetwa kaviri kana katatu, asi hachizombovi neHupenyu Husingaperi, nokuti Hupenyu Husingaperi hunobva kuna Mwari voga.”

²³⁶ Nokusingaperi, “Uyo anonzwa Mashoko aNgu uye achitenda kuna iYe wakaNdituma, ane Hupenyu Husingaperi uye HAAFI akauya pakutongwa asi abva murufu achienda kuHupenyu.”

Hezvoka izvo, unowana Hupenyu Husingaperi nokuva mutendi. Munhu asingatendi ane upenyu hunopera. NoKusingaperi... mutendi ane Hupenyu Husingaperi, uye haakwanisi kuparara nokuti iHwo Hauperi.

²³⁷ Asi mutendi, achaenda...Asingatendi achapfuura nemunyika, achava nekusuwa, nhamo; zvaanoti kuva nenguva huru, “whoopee, kuva nenguva huru.” Vakadzi, waini, uye nguva huru, anofunga kuti ari kuenderera mberi. Achafa, achapinda mudziva remoto nesuruferi inopfuta, umo kupisa kunoramba kuripo narinhi-narinhi, uye pamwe kwemakore mamiriyoni zana mweya wake unogona kutambudzwa mudziva remoto nesuruferi.

²³⁸ Ini...Unoti, “Zvichafanana nesuruferi yenguva dzose here?” Ndinotenda kuti zvichange zvakaipa zvakapetwa kamiriyoni kupfuura izvozvo. Ndinotenda kuti haugone kuzvitsanangura nemoto, nemoto chaiwo. Chikonzero bedzi kwakaiswa “nemoto,” nokuti moto ndiwo chinhu chinonyanyisa kuparadza chatinacho. Unopedza nekuparadza zvese zvemazvirokwazvo, moto unodaro. Saka, zvino, uchange uri imomo, asi iwe uchave nemunhu wemukati achazofanira kurangwa neimwe mhando... .

²³⁹ Zvino, unofanira kutarisa shoko rekuti *moto*, nekuti Mweya Mutsvene unoshandiswa kunzi “Mweya Mutsvene nemoto”; nokuti moto weMweya Mutsvene unopisa uchibvisa chivi, munoona, uye wochenesa.

²⁴⁰ Asi moto *uyu*, unobva kugehena, rakati “dziva remoto.” Uye chero zvauro, murango une kurwadziwa kwakanyanya. Murume mupfumi akasimudza meso ake, ari mugehena, akati, “Tumirai Razaro nemvura shoma paminwe yake, kuti aise pamiromo yangu, nokuti marimi emoto aya ari kunditambudza.” Usafunge kuti hakuna gehena rinobvira, uye negehena chairo, ririko. Kana kuina dhiyabhore chaiye, kune gehena chairo.

²⁴¹ Asi, munoona, zvese zvakatsveyamiswa zvine magumo kwazviri, nokuti pakupedzisira zvinofanira kudzokera pakuchena nohutsvene hwaMwari. Uye Mwari ndeveKusingaperi; uye kana tiine Hupenyu Husingaperi, Mwari vari matiri, uye hatichafi sekusafa kunoita Mwari. Hezvoka izvo.

²⁴² Zvino, chinyorwa chacho chinoZvitsanangura chomene, munoona, nokuzvigadzirisira. Zvino, ngationei, ndanga ndine... Handizivi kana...Hongu:

“Chii chicha—chii chichaitika kwavari?”

²⁴³ Vanotsakatika, hapasisina nezvavo: munhu wemukati anoenda, mweya unoenda, hupenyu hunoenda, mutumbi unoenda, pfungwa dzinoenda, ndangariro dzinoenda.

244 Uye hakuchazovezve nepfungwa kunyangwe dzakaipa, kana zvachose, zvakamboitika, muKubwinya. Ndizvozvo, zvose zvichange. . . Unogona kufungidzira here, kuti kuchange kuine vanhu neche kuno muchikamu chino. . . ?

245 Ko Bhaibheri hariti here, “Kunyange mifungo yevakaipa ichaparara”? Mifungo chaiyo yazvo ichaparara.

246 Pano pachava nemunhu neche *apa*, heuno! Mwari waCho Mutsvene Mukuru *apa*, uye nekuziva kuti kunze uko chaiko kune gomba rine mweya iri kutsva mariri? Handiti, iroro haringave riri Denga. Iyo mifungo chaiyo, ndangariro chaiyo, zvose zvakatsveyamiswa, pfungwa yose yakaipa, zvinhu zvose zvichaparara, uye nezvose zvakaipa zviri mazviri. Uye hatizovi chimwe chinhu kunze kwekuchena, ne*Zoe*, Hupenyu hwaMwari; kusvika kuna Ziyendanakuenda, uye kwemazera achienda mberi, nemberi, nemberi, nemberi, nemberi; haUfi hwakapera, huchava weKusingaperi!

247 “Vakapinda mukurangwa *kunoguma*, asi vakarurama vakapinda muHupenyu Husingaperi.” Mazvibata here? Murango *unoguma*, Hupenyu Husingaperi, mutsauko wakadini!

248 Zvino, munoona, hazvidaro. . . Zvino, ndinoziva, kwamuri, vadikanwi vangu vadiki, ini—ini handirevi kuedza kuzviratidza samuziva-zvose. Kana ndikadaro, . . .

249 Zvino, ndine mimwezve mibvunzo mitatu kana mina yakanaka. Ndichaitora Svondo mangwanani, Ishe vachitendera.

250 Zvino, tarirai. Munoona, izvi zvinomutsa mibvunzo. Ndiri muparidzi wekare. Ndi—ndi—ndi—ndine makore makumi maviri nematanhatu mushumiro. Uye ndi—ndinotenda zvikuru nokuda kweizvi, kuti ndinogona kutaura izvi, ini zvangu. . . Handina kumbobvira ndakazama kuedza kuratidza chero chinhu muhupenyu hwangu kunze kwekunge chatanga chazarurwa. Uye ndinotenda zvikuru kuti Mutumwa waJehovha. . . Sezvo ndakanga ndisina kudzidza, ndisina kukwanisa. Zvino Mutumwa uyu akadzika, uye anga ari mubatsiri wangu akatumwa kubva kuna Mwari. Uye haAsati ambondiudza chinhu chimwe kunze kweizvo zvinonyatsoenderana chaizvoivo kubva muna Genesi kusvika kuna Zvakazarurwa nazvo, zvokuti kusvikira. . . Ndakanyora pasi nekukurumidza chaiko paAkati “Uye iwe—uye iwe uchatora chipo chekupodza kwaMwari.” Uye ndakazvinyora pasi nenzira chaiyo yaAkazvitauro.

251 Uye anenge makore matatu akatevera, maneja a—akandirangaridza pamusoro pazvo, akati, “Hama Branham, mazvicherechedza here? Zvakakwana kwazvo kusvika Akakuudzai ‘chimwe chezvipo.’”

252 Munoona, hazvina kumbonzi “chipo chacho chaicho.” Uye chose—chose hacho chiri muBhaibheri. . . chipo chese “chipo chacho chaicho” asi kupodza kwaMwari, uye chingoriwo “chimwe chezvipo.” Ndizvo “zvipo zvokupodza.”

Unogona kuva nemhando dzese dzezvipo zvekupodza, nenzira dzakasiyana. Asi, chimwe hacho chese “chipo chacho chaicho”: “chaicho” chipo chokuporofita, “chaicho” chipo che*ichi*. Asi kupodza kwaMwari kuri muhuwandu: “zvipo.” Uye handina kumbozvicherechedza, kuti Mweya Mutsvene wakakwana kwazvo. Oo, Ishe ngavarumbidzwe!

²⁵³ Munonzwisisa here kuti Mweya Mutsvene mumwe chete wakanyora Bhaibheri iroro, nemazana avarume, kwemazana emakore akasiyana. . . uye hapana kana nemumwe wavo akapesana nemumwe, mumwe nemumwe wavo akanga akakwana; uye mumwe haana kumbobvira akanzwa nezvemumwe.

²⁵⁴ Zvino Pauro akaenda zasi, uye aive zasi kuArabhia, uye haana kana kumbobvira akashanyira Jerusarema kwemakore gumi nemana, asi aive zasi muJerusarema nezasi. . . akaenda achibva. . . haana kumboenda kuJerusarema. Asi zasi kuArabhia, ndokutanga kuparidza, haana kana kumboona Petro nevamwe vose kwemakore gumi nemana. Zvino vakati vauya pamwe chete, vaiparidza chinhu chimwe chetecho: rubhabhatidzo rwemumvura muZita raJesu Kristu, nekupodza kwaMwari, nesimba raMwari.

Oo!

Ndinofara kwazvo nokuti ndinogona kutaura
kuti ndiri mumwe wavo.

Mumwe wavo, ndiri mumwe wavo,
Ndinofara kwazvo nokuti ndinogona kutaura
kuti ndiri mumwe wavo; (Hareruya!)

Mumwe wavo, ndiri mumwe wavo,
Kungofara kwazvo nokuti ndinogona kutaura
kuti ndiri mumwe wavo.

Kune vanhu potse kwese-kwese,
Vane mwoyo yavo yose iri kupfuta,
NeMoto uyu wakawa paPentekosti,
Wakashamba nokuvaita vakachena;
Oo, Uri kubvira zvino mukati memoyo wangu,
Oo, kubwinya kuZita raKe!
Ndinofara kwazvo nokuti ndinogona kutaura
kuti ndiri mumwe wavo.

Vakanga vakaungana muimba yepamusoro,
Vose vachinamata muZita raKe,
Vakabhabhatidzwa neMweya Mutsvene,
Zvino simba rokushumira rakauya;
Zvino zvaAkavaitira nezuya iroro
Anokuitirawo zvimwe chete,
Ndinofara kwazvo nokuti ndinogona kutaura
kuti ndiri mumwe wavo.

Ndiri mumwe wavo, ndiri mumwe wavo,
 Ndinofara kwazvo nokuti ndinogona kutaura
 kuti ndiri mumwe wavo; (Hareruya!)
 Mumwe wavo, mumwe wavo,
 Ndinofara kwazvo nokuti ndinogona kutaura
 kuti ndiri mumwe wavo.

255 Teerera, ndine shoko diki kwamuri:

Huya, hama yangu, utsvage ropafadzo iri
 Richachenesa moyo wako kubva kuchivi,
 Richatangisa kurira kwemabhero emufaro
 Nekuchengetedza moyo wako uchibvira;
 Oo, riri kubvira zvino mukati memoyo wangu,
 Oo, kubwinya kuzita raKe,
 Ndinofara kwazvo nokuti ndinogona kutaura
 kuti ndiri mumwe wavo.

256 Haufari here kuti uri mumwe wavo? Chii ichocho? Mweya unozarura. Chizaruro chaMwari, “Padombo iri.” Handina basa kana mubhishopi mukuru. . .

257 Muprisita weKatorike akagara, kasiri kare, mumba mangu. Uye akati, “VaBranham, ndauya kuzokubvunzai mubvunzo.”

Ndikati, “Zvakanakai, changamire.”

258 Akati, “Ndine tsamba pano kubva kuna bhishopi, kwamuri.”

Ndikati, “Zvakanakai, changamire.”

259 Akati, “Mashoko amunotaura, mungabata ruoko rwenyu here mopika muchirevesa kuti muchataura chokwadi?”

260 Ndikati, “Handisi kuzodaro.” Ndikati, “Bhaibheri rakati, ‘Usatombopike zvachose, nedenga kana nenyika (nokuti ndicho chitsiko chetsoka dzaKe). Hongu dzako dzive kwete nahongu.’ Kana bhishopi achida kunzwa zvandichataura, achatora shoko rangu pazviri. Kana akasadaro, handipike.”

261 Muprisita mudiki uyu kumusoro kuno kucheche yeSacred Heart, akati, “Makabhabhatidza here Pauline Frazier pazuva *rakati-rakati?*”

262 Ndikati, “Ndakadaro, changamire, zasi muOhio River.”

263 Akati, “Makamubhabhatidza sei?”

264 Ndakati, “Ndakamubhabhatidza nekumunyudza pasi pemvura muZita raIshe Jesu Kristu.”

265 Akazvinyora pasi. Akati, “Munoziva, chechi yeKatorike yaisimbobhabhatidza saizvozvo.”

Ndikati, “Riini?”

Akati, “Muzera rekutanga.”

Ndikati, “Izera ripi rekutanga?”

Akati, “Zvakanaka, pamavambo.”

Ndikati, “Mavambo api?”

Akati, “MuBhaibheri.”

Ndikati, “Unoreva here vekutan- . . . mu—muvadzi?”

Iye akati, “Chokwadi.”

Ndakati, “Munodaidza maKatorike here, kana, ivo—ivo . . . ? Munoti mudzidzi vaive maKatorike?”

Akati, “Chokwadi, vaive.”

Ndikati, “Ndakafunga kuti chechi yeKatorike haina kushanduka?”

Akati, “Haidaro.”

²⁶⁶ Ndikati, “Zvino sei Petro akati, ‘Tendeukai, uye mubhabhatidzwe muZita raJesusu Kristu?’ Uye munoti izvozvo zvaive . . . kuti aiva papa?”

²⁶⁷ “Hongu.”

²⁶⁸ “Zvino sei muchibhabhatidza muzita ra ‘Baba, Mwanakomana neMweya Mutsvene?’ Uye akanyudza, asi imi munosasa. Zvino chii chakaitika?”

²⁶⁹ Akati, “Asi, munoono,” akati, “chechi yeKatorike ine simba rekuita chero chinhu chavanoda kuita.” Huh.

²⁷⁰ Ndikati, “Zvino munodana vadzidzi kuti maKatorike?”

²⁷¹ Akati, “Hongu.”

²⁷² Ndakati, “Changamire, ndina Josephus, ndine *Foxe’s Book of Martyrs*, Ndine *Early Ages* raPemberman, ndine *Two Babylons* raHislop, nhoroono dzakaresa dziripo munyika, ndiratidzei imomo apo chechi yeKatorike yakambogadzwa kana payakazova sangano . . . makore mazana matanhatu mushure merufu rwemuapostora wekupedzisira.”

“Oo,” akati, “tinotenda zvinotaurwa nechechi.”

Ndikati, “Ndinotenda zvinotaurwa neBhaibheri.” Maona?

“Handiti,” akati, “Mwari vari muhechi yaVo.”

²⁷³ Ndikati, “Mwari vari muShoko raVo.” Uye ndikati, “Kana . . .” Akati . . . Ndakati, “Bhaibheri haritauri kuti Mwari vari muhechi yaVo, asi Bhaibheri rinoti Mwari vari muShoko raVo. ‘Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari; uye rikagara pakati pedu.’” Ndizvozvo. Ndakati, “Mwari vari muShoko raVo.”

²⁷⁴ Akabuda ndokunotaura izvozvo. Akati, “Saka, hatina kukwanisa kukakavara,” akati, “nokuti unotenda muBhaibheri, ndinotenda muhechi.”

²⁷⁵ Ndakati, “Ndinotenda kuti Bhaibheri iShoko raMwari rakafemerwa uye hapana kupesana kumwe chete zvako mariri. Uye IShoko raMwari, mazano aVo eKusingaperi emazera ose ari

kuuya. Akati, 'Denga nyenika zvichapfuura asi Shoko raNgu haringapfuuri.' Ndizvozvo. Ndinotenda Shoko."

276 Akabuda achienda kuna Mai Frazier. Akati, "Mai Frazier, mungasaina here bepa pano rekubvumira kuti musikana wenyu anogona kuva nhengo yechechi yeKatorike?"

277 Vakati, "Ndingasva ndafamba naye kuenda kuguva."

278 Ndokuti, "Munonyadzisa." Akati, "Munofanira kutenda kuti musikana iyeye ari kubuda kubva muhupenzi uhwo, achipinda muchechi yeKatorike."

279 Vakati, "Ko dai ainge ari musikana wenyu aiuya kuchechi kwangu, maizoti kudii nazvo?"

280 "Oo," akati, "izvozvo zvakasiyana."

281 Vakati, "Kwete, hazvina." Akaziva kuti aiva pane imwe nzvimbo paakasiya mukadzi mudiki uya kunze uko. Akaziva kuti ainge ava pane imwe nzvimbo. Vakati, "Zvino, musuwo mumwe chete wakazaruka wamapinda nawo."

282 Munoono, ndiyo nzira. Usadheererwe, haufanirwe kudheererwa. Kana Mwari vari kurutivi rwako, ndiani angapesana newe? Ndizvozvo! Dambudziko riripo nhasi, une musana usina kusimba panzvimbo yemusana wakasimba. Miririra Mwari uye nezvakarurama!

283 Mweya Mutsvene mumwe chete wakaburuka pamusoro pevaapostora vaya uye nekare mumazera, uchiri muChechi yaKe nhasi, avo Mwari vakaZvizarura kwavari. "kwete uyo anoda, kana uyo anomhanya, asi Mwari vanoratidza tsitsi." NdiMwari, nesarudzo yaVo, vanounza vanhu uye vovhura maziso avo. Hawaimbokwanisa kuZviona, uri bofu, uye waisambokwanisa kuona kunze kwekunge Mwari vavhura kunzwisisa kwako. Bhaibheri rakati uri bofu, uye haugone kuona. Hapana chikonzero chekuti uedze. Nedzidzo yese, nekudzidza kwaungawana, unongoramba uchipofomara.

284 Zvino, imi veChurch of Christ pano, imi "munotaura panotaura Bhaibheri, uye monyarara apo parakanyarara," ko toti kudii nezvimwe zveIzvi? Makanyatsonyararisa pane Izvozvo. Ndizvozvo.

285 Munoono, zvinotorera Zvokwadi yepamweya yakazarurwa. Ipapo Mwari vanobva vaburuka vozvizarura pachaVo nokuZvisimbisa kuti iChokwadi. Amen! Munovada here? Neniwo ndinodaro. Amen.

286 Zvakanaka, imi maMethodisti mese munoda kukwazisana maoko nemaBaptisti zvino? Imi maPresbyteriani?

287 "Zvino," munoti, "Hama Branham, munoramba kuyanana here nemaBaptisti nemaPresbyteriani vasingabhab-...?"

288 Kwete, changamire, handidaro. Ndinovatora sehama dzangu. Zvamazvirokwazvo! Handina basa nazvo kana wanga

usina kubhabhatidzwa zvachose, kana wakabhabhatidzwa muzita re “Ruva reSharoni, Hapa yomuMupata, neNyeredzi yeMangwanani,” izvozvo hazvaizove . . .zvaizove zvakangofanana nekuti “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.” Angori madunhurirwa matatu. Akanga ari Ruva reSharoni. Aiva here? Hapa yemuMupata, Nyeredzi yeMangwanani, ose iwayo. Chokwadi, Akanga ari. Ndechimwe chinhu kana chimwewo. Asi hezvineo zvazviri: nzira yeMagwaro yechokwadi iri muZita raJesu Kristu. Kana uchida nzira yeMagwaro, ndiyo chaiyo. Ndiyo nzira yacho chaiyo.

²⁸⁹ Zvino, kana wakabhabhatidzwa muzita ra “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene,” uchinzwira sokuti zvakanaka, ameni. Kana iri mhinduro yakanaka kuna Mwari kuitira hana yakachena kuna Mwari, ameni. Enderera mberi, munoono.

²⁹⁰ Asi kana ndiri ini, kana chiri chikamu changu, kana waindivunza, woti, “Hama Branham, ndobhabhatidzwa here?” Ndaiti, “Hongu,” pachikamu changu.

²⁹¹ Mudzimai mudiki akauya pano rimwe zuva, akati, “Ishe vakandidaidza kuti ndive muparidzi.” Handina kuzvitenda, sekusangotenda kuti—kuti aigona kusvetuka napamusoro pemwedzi. Uye mudzimai . . .

²⁹² Ndakati, “Inga, zvakanaka kwazvo, hanzvadzi.” Ndakati, “Makaroorwa here?”

“Hongu.”

“Mune vana vaviri here?”

“Hongu.”

Ndakati, “Chii . . .? Murume wenyu akaponeswa here?”

“Kwete.”

Ndakati, “Muchaita sei naye?”

“Ndichamusiya kumba.”

²⁹³ Ndakati, “Ndiwo muteyo wakanakisa dhiyabhore akambova nawo. Muri mukadzi ane runako pakutanga kwacho, uye mobva mabuda muchienda kunze kuno mumunda wekuvhangeri, muchange muri muteyo wemazuva ese uye nepakanangwa nadhiyabhore. Uye murume wenyu, kumba, murume wechidiki, uye momusiya aine vana vaviri ava; achatanga kufambidzana nemumwe mukadzi, uye vana ivava vachazenge vave nevamwe baba rimwe remazuva ano.” Ndakati, “Chekutanga, kana Mwari vakadana mudzimai, Vatopikisana neShoko raVo.” Ndakati, “Zvino, kana muchida henyu, zvakanaka.” Ndikati, “Zvino, kunzvera, munoti Ishe vakakupai kunzvera. Munoda here kumboenda, kupuratifomu, mokedza?”

²⁹⁴ Akati, “Hongu.” Uye munoono zvakaaitika.

295 Munoono, kuita manyawi. Zvinofanira kuuya kuShoko. Kana zvisiri muShoko, zvino hazvina kunaka. Handina basa nekuti manyawi ako akaita sei, hazvina kunaka. Ameni! Zvinonzwika sezvakanaka. Ameni!

296 Zvakanaka:

Tichafamba muChiedza, Chiedza chakanaka
kwazvo,
Chinouya apo madonhwe edova retsitsi
akajeka;
Chichipenya chakatipoterredza masikati
neusiku,
Jesu, Chiedza chenyika.

Mose imi vatsvene veChiedza taurai,
Jesu, Chiedza chenyika;
Ipapo mabhero eDenga acharira,
Jesu, Chiedza chenyika.

Tichafamba muchiedza, chiedza chakanaka
kwazvo,
Chinouya apo madonhwe edova . . .
Chichipenya chakatipoterredza masikati
neusiku,
Jesu, Chiedza che . . .

297 Zvino ndinoda kuti munhu wese atendeuke okwazisa maoko, nzira ina, nemunhu wese zvino, patiri kuimba urwu zvakare:

Tichafamba muChiedza, Chiedza chakanaka,
(Ameni!)
Chinouya apo madonhwe edova retsitsi
akajeka;
Chichipenya chakatipoterredza masikati
neusiku,
Jesu, chiedza che . . .

298 Munoda maMethodisti here? Itai, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] MuBaptisti? MuPresbyteriani? MuKatorike? Mu. . .oo, munovada vese here? Itai, “Ameni.” [“Ameni.”]

Tichafamba muChiedza, chakanaka . . .

Kukwazisana maoko, tichienda.

Oo, chinouya apo madonhwe edova retsitsi
akajeka;
Chichipenya chakatipoterredza masikati
neusiku,
Jesu, Chiedza che . . .

299 Tisati taimba rwiyo rvedu rwekuparadzana . . . Zvino, zvinogoneka kuti ndichange ndiri pano zvakare Svondo. Zvino, mushure maizvozvo handichadzoki zvakare kusvika mushure meKisimusi. Munoono, nokuti ndiri kuenda kuMichigan, kubva

kuMichigan ndoenda kuColorado, kubva kuColorado ndoenda kuIdaho, kubva kuIdaho ndoenda kuCalifornia, uye tichadzoka. Uye zvinogoneka (ndinoda kuti mundinamatire) ndichange ndiri muWaterloo, Iowa, kutanga munaNdira musu wemakumi maviri nemana kusvika zuva rechipiri raKukadzi. Munoono, nhandare huru ikoko, ndichangobva kuwana runhare nguva yapfuura, uye ndine kubva zvino kusvika Svondo kuti ndinamate. Munoono, kuWaterloo, Iowa, inova pedyo zvino.

³⁰⁰ Asi zvino, rangarirai, teererai kunhepfenyuro yehama nanine o'clock, Mugovera mangwanani. Tichavafonera tozavivisa. Uye kuchange kuri kumusoro kuWLRP, vaye vana vekwaNeville nanine o'clock, Mugovera mangwanani. Ticha . . . Kana ndi—ndikasakwanisa kuitora, Hama Neville vachapedzisa mibvunzo yacho. Mungazviita here, Hama Neville, mangwanani eSvondo? [Hama Neville vanoseka ndokuti, "Mutoro mukuru!"—Mupepeti] Saka, tarisai, kana mukapinda mudambudziko, ndichamhanya nemi. Vachaona. Zvakanaka.

³⁰¹ Zvakanaka:

Tora Zita raJesu pamwe newe,
Mwana wekusuwana nenhamo;
Richakupa mufaro nokunyaradzwa,
Oo, Ritore kwose kwaunoenda.

Zita rakakosha, O rinotapira sei!
Tariro yenyika nemufaro weDenga;
Zita rakakosha, (Zita rakakosha!) O rinotapira
sei! (Rinotapira sei!)
Tariro yenyika nemufaro weDenga.

³⁰² Zvino, kana uchida kuziva muBaptisti anotenda mukudanidzira, ndiyo mhando yekudanidzira kwandinotenda makuri. Mai vechikuru avo vakangogara apo, zvino Mweya wauya pavari. Vatanga kudandanidzira, vatadza kuzvibata, vakafamba vachienda kumashure ndokumbundira mwanasikana wavo. Ndiyo nzira yandinoda kuzviona zviri. Amen. Ndiwo manzwiro chaiwo akanaka, echinyakare, anonzwikwa mumoyo. Oo, ini zvangu, mutsvene mutana—mutana, akarungwa, akaibva, akagadzirira kuenda kumusha muKubwinya. Akangomirira kudaidzwa, munoono, achingova nenguva inoshamisa.

Zvakanaka, Hama Neville zvino, chero hacho chavanoda kuita.



MIBVUNZO NEMHINDURO VAHEBHERU CHIKAMU I SHO57-0925
(Questions and Answers on Hebrews Part I)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZEMAZVIBATIRO, HURONGWA NE DZIDZISO ZVEKEREKE

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Chitatu manheru, Gunyana 25, 1957, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2022 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org